ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№81 (24.519) • 2023 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 8, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

## Зы Iуэхугъуи гулъытэншэу къагъэнакъым



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэIыгъынымкIэ комиссэм и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Мазэ ипэкIэ лэжьэн щIэзыдза, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и щIыналъэ къудамэм зэкIэ зэфIагъэкIахэм. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат (комиссэм и унафэщIщ), министрхэр, щIыналъэ администрацэхэм, социальнэ IэнатIэхэм, жылагъуэ, дин IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.**

**КIУЭКIУЭ Казбек** къыхигъэщащ Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ къызэрагъэпэща фондым и щIыналъэ къудамэм и лэжьыгъэр зэпымыууэ и нэIэм зэрыщIэтыр. Метр зэбгъузэнатIэ 1000 зыубыд унэр мазитIым къриубыдэу сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ, абы и къудамэхэр районхэм къыщызэIуахащ. Мы илъэсым и кIэ пщIондэ социальнэ унэтIакIуэхэу цIыху 80 лэжьыгъэкIэ къызэрагъэпэщынущ, абыхэм ящыщу 23-м я Iэзагъэм хагъахъуэри, я къалэным пэрыхьащ.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Дадэ МуIэед** жиIащ мазэм къриубыдэу дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ къабгъэдэкIыу 135-рэ зэрызыкъыхуагъэзар. Ахэр теухуащ социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэм, зауэ зэпэщIэтыныгъэм и ветерану зэрыщытым и щыхьэт тхылъыр къыдэхыным, социальнэ, психологие реабилитацэ ягъуэтыным, санаторэхэм кIуэным, коммунальнэ гугъуехьхэр зэфIэхыным. ЛъэIуу 120-рэ ягъэзэщIащ, 15-м яужь итщ. Зэрызыкъыхуагъэза зы Iуэхугъуи гулъытэншэу къагъэнакъым. А лъэIухэм ятеухуауэ адэкIэ къапэщыт къалэнхэр яубзыху.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ фондым и лэжьыгъэр Iуэху псори а зы щIыпIэм щызэфIэкIыу зэтеухуэн зэрыхуейр. Абы папщIэ хэщIапIэм къыщызэIуах Медико-социальнэ экспертизэмкIэ бюром, къалэн куэд щызэфIах центрым, Сбербанкым я къудамэхэр, юрист, психолог IэнатIэхэр.

КъыщынэмыщIауэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм психолого-психотерапевт дэIэпыкъуныгъэхэр щагъуэт IуэхущIапIэ щхьэхуэ къыщызэрагъэпэщынущ. КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къуэдзэ **Къармэ Марат** пщэрылъыр зэрагъэзащIэм и гугъу ищIащ: район поликлиникэхэм пэш къыщызэрагъэпэщ, республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм ящыщ зым гъуэлъыпIэ 30 щIэту сымаджэщ къудамэ къыщызэIуахынущ. КIуэкIуэ Казбек министерствэм къалэн ящищIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я узыншагъэр санаторэхэм щрагъэфIэкIуэжыныр зэтраублэну.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим** жиIащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щIэсхэмрэ псом япэу мазэ къэс ят ахъшэ пособиехэр, компенсацэхэр зэрыIэрагъэхьэр. Зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр ягъэбелджылын папщIэ унагъуэ къэс я социальнэ паспортхэр зэхагъэуващ, дэтхэнэ зыми центр щхьэхуэхэм я IэщIагъэлIхэр егъэбыдылIащ. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм щхьэщахащ зи школ кIуэгъуэ нэмысахэр зэкIуалIэ IуэхущIапIэхэм ират ахъшэр, мобилизацэм хиубыдауэ къулыкъу зыщIэхэм я сабийхэр пщIэншэу ягъашхэ, психолог-педагог дэIэпыкъуныгъэхэр хуащIэ. Мобилизацэм хиубыдахэм республикэ бюджетым къыхэкIыу мазэ къэс и чэзум сом мин 25-рэ яIэрохьэ.

«УФ-м и Президентым фондым пщэрылъ щищIахэр нэгъэсауэ дгъэзэщIыныр ди къалэнщ. ЩIыналъэхэр республикэ фондым жыджэру фыдэлэжьэн хуейщ. Хэкум и щхьэщыжакIуэу къэувахэм яхуэфэщэну дахущытыпхъэщ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэрщ нэхъ мащIэ дыдэу абыхэм яхуэтщIэфыр. Дзэ къалэныр зыгъэзащIэхэм жылагъуэм пщIэ щаIэн папщIэ тхузэфIэкIыр длэжьын хуейщ. Ар фэрэ дэрэ ди къалэнщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

* * *

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэ нэужьым хуэзащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэIыгъынымкIэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед. Ахэр тепсэлъыхьащ фондым и лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам, ар зэрекIуэкIым. И гугъу ящIащ щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэр - социальнэ унэтIакIуэхэр - дэIыгъынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэ Iуэхухэми. «Ахэращ махуэ къэс жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ къалэнхэр зэфIэзыхынур, аращи лIыхъужьхэм ядэIэпыкъуну гупыж яIэн хуейщ, апхуэдэуи зыпэрыт Iуэхум и мыхьэнэр нэсу зэхащIыкIыпхъэщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

Апхуэдэуи тепсэлъыхьащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэнымкIэ ведомствэхэр зэрызэдэлэжьэнум. КIуэкIуэ Казбек жиIащ фондым и къалэнхэр псынщIэу икIи фIагъ пылъу зэфIагъэкIын папщIэ Дадэ МуIэед и зэфIэкIхэм къыхигъахъуэу КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъуу игъэувыну унафэ къызэрищтар.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## ПщIэншэу Iуэхутхьэбзэхэр зыхуащIэнухэр

**УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм и унафэкIэ Урысейм и Дзэм хыхьэ Фельдъегерь-пощт IуэхущIапIэм дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIхэм пощт IэмалкIэ хуаутIыпщ бандеролхэр, тхыгъэхэр, посылкэхэр зэрыIэрагъэхьэн, езыхэми къабгъэдэкIыу Урысейм и щIыналъэхэм яутIыпщахэр зэрылъагъэIэсын Iэмал зэтраублакIэщ.**

ЦIЫХУБЭР пощтым а и Iуэхутхьэбзэм щыгъуазэу щытын папщIэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм и сайтым дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIхэм хуаутIыпща хьэпшыпхэр здынэсар къэзыгъэлъагъуэ хъыбарегъащIэ къудамэ къыщызэIуахащ.

Зи гугъу тщIы лэжьыгъэр нэхъри ефIэкIуэн папщIэ, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и Лъэпкъ центрым и унафэщI Гаджимагомедов С. КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Говоров С. къыхуигъэлъэгъуащ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа Iэмалхэм яхуэдэ республикэм и СМИ-хэм къыщызэрагъэпэщыну. Къалэныр нэгъэсауэ зэрагъэзэщIам и щыхьэту, 2023 гъэм накъыгъэм и 1-м щегъэжьауэ, дэтхэнэ зыри хуитщ дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIым и хьэлъагъкIэ килограмми 10-м фIэмыкI посылкэ пщIэншэу хуигъэхьыну. Апхуэдэ гукъыдэж зиIэм и хьэпшыпыр зыхуигъэхьым и цIэр, ар зыхэт дзэ зэгухьэныгъэм и номерыр, здэщыIэр иригъэхьын хуейщ мыпхуэдэ адресымкIэ: Мэзкуу, индекс: 103400.

## Улахуэм хохъуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм, блэкIа илъэситIми хуэдэу, процент 10-кIэ хэхъуэнущ 2023 гъэм шыщхьэуIум и 1-м щегъэжьауэ.**

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ищIа пщэрылъым ипкъ иткIэ республикэм и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий унафэм Iэ щIидзащ. Дэфтэрыр (№324-рп, 2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 7) къралъхьащ КъБР-м и Правительствэм и сайтым - https://pravitelstvo.kbr.ru.

Унафэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, я улахуэм хэхъуэнущ къэрал IуэхущIапIэхэмрэ къулыкъущIапIэхэмрэ, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэм, ауэ абы хиубыдэркъым къэрал, муниципальнэ къулыкъущIэхэр.



## ПщIэ зыхуэтщI щIэджыкIакIуэхэ!

**2023 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр иухащ. Арщхьэкlэ къыкIэрыхуахэм зы мазэкIэ нэхъ кIасэу ахэр хуахьынущ дызыхуэкIуэ махуэ гъунэгъухэм и пщIэр щIатмэ.**

**Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:**

**унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 682-рэ кIэпIейкIэ 69-рэ;**

**фэ езым пощтым къыщыфщтэжынумэ - сом 620-рэ кIэпейкIэ 85-рэ.**

**Ди индексыр П 5894**

adyghe@mail.ru • adyghepsale.ru • apkbr.ru • smikbr.ru • Адыгэ Псалъэ • Адыгэ Псалъэ



# Хабзэубзыху IэнатIэр илъэс 30 щрикъум

**КъБР-м и УнафэщIым 2023 гъэм накъыгъэм и 4-м къыдигъэкIа унафэ №48-УГ-м ипкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ хабзэубзыху IэнатIэр илъэс 30 зэрырикъур щагъэлъэпIэну дауэдапщэхэм я КъызэгъэпэщакIуэ комитетым и япэ зэIущIэр.**

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, Егоровэ Татьянэ жиIащ:

- Парламентыр къыщызэрагъэпэща махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Япэ дыдэу 1993 гъэм хаха хабзэуху IуэхущIапIэм республикэм мамырыгъэрэ зэгурыIуэрэ къыщызэтенэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ, абы щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуаку щытепщэ зэныбжьэгъугъэр ихъумащ. БлэкIа илъэсхэр ипэжыпIэкIэ цIыхубэм я унафэм къару щигъуэта лъэхъэнэу пхужыIэнущ. А зэманым къриубыдэу, депутатхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ республикэм къыщаIэт дэтхэнэ зы Iуэхуми хабзэкIэ тегъэщIапIэ иIэн папщIэ, абы и фIыгъэкIэ щIыналъэм и жылагъуэ-экономикэ зыужьыныгъэр ефIэкIуащ. А Iуэхум къэрал унафэщIхэми гу лъатащ.

Арэзы утехъуапхъэщ зи гугъу тщIы илъэсхэм «парламентаризм» жыхуаIэ Iуэху зехьэкIэр зэрызэфIэувам. Абы къыхэкIыу, нобэ щыщIэдзауэ республикэ гъащIэм и зы Iыхьэу щыт а махуэшхуэр зэрагъэлъэпIэнур наIуэу щрет.

КъБР-м и Правительствэм и унафэщI Мусуков Алий къыхигъэщащ къапэщылъ махуэшхуэм епха дауэдапщэм щIыналъэхэми къалэхэми я щIыпIэ администрацэхэр жыджэру зэрыхэлэжьыхьыпхъэр.

Къызэгъэпэщакlуэ комитетым хэтхэм махуэшхуэр зэрагъэлъэпIэну щIыкIэр яубзыхуащ. Абы теухуауэ къэпсэлъащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим. Къызэгъэпэщакlуэ комитетым хэтхэм къызэрыхалъхьэм елъытауэщ махуэшхуэм и екIуэкIыкIэм и планыр зэрызэхалъхьар. ГуфIэгъуэ пшыхьым и ужькIэ екIуэкIынущ спорт зэпеуэхэр, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, зэIущIэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр. КъБР-м и Парламентым сабийхэмрэ студентхэмрэ яшэу зыщрагъэплъыхьынуи я гугъэщ. Махуэшхуэм ирагъэхьэлIэнущ стIол хъурейхэр, дерс зэIухахэр, ныбжьыщIэхэм я паспортхэр иратыжынущ, Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ лъагапIэ гуэрым альпинистхэр дэкIуеинущ, цIыху куэд зыхиубыдэ щэнхабзэмкIэ дауэдапщэхэри ирагъэкIуэкIынущ.

Жэрдэм ящIащ КъБР-м и Парламентыр илъэс 30 зэрырикъум теухуауэ тхылъ къыдагъэкIыну, республикэм и СМИ-хэм рубрикэ щхьэхуэхэр къыщызэIуахыну, фильмхэмрэ нэтынхэмрэ ягъэхьэзырыну.

- ТлъэкI къэдгъанэ хъунукъым махуэ лъапIэр екIурэ ещхьу едгъэкIуэкIын папщIэ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

## Мы махуэхэм

**Бадзэуэгъуэм и 8,**
***щэбэт***

♦**Аллергие узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я урысейпсо махуэщ**
♦**1944 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ «Анэ-лIыхъужь» цIэ лъапIэр, «Анэм и щIыхь» орденымрэ «Анагъэм и медалымрэ» къащтащ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 28-рэ, жэщым градус 20 - 23-рэ щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 9,**
***тхьэмахуэ***

♦**1917 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Къубатий**.
♦**1931 гъэм** къалъхуащ АР-м и цIыхубэ усакIуэ, драматург, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэтэр Хьэмид**.
♦**1932 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI Iэзэ, СССР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Хьэжу Руслан**.
♦**1941 гъэм** къалъхуащ адыгэ еджагъэшхуэ, ботаник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Хьэкъун Барэсбий**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Беслъэней Чэмал**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыхъунущ.

**Бадзэуэгъуэм и 10,**
***блыщхьэ***

♦**1922 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ усакIуэ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Хьэнфэн Алим**.
♦**1931 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист **Щоджэн Iэбу**.
♦**1932 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Срыкъуэ ХьэмщIасэ**.
♦**1934 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ибрэхьим Хьэмзэт**.
♦**1942 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Сэбаншы Хъусен**.
♦**1966 гъэм** къалъхуащ КъБР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я артисткэ **Шэрджэс Iэсият**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**УкIытэр щагуэшым дурэшым дэсащ.**

**• Гъуэгухэр**

# Къызыхуэтыншэщ



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и автомобиль зекIуапIэхэр иджырей мардэхэм къитIасэу зэрызэрагъэпэщыж щIыкIэр къэзыпщытэ комиссэм и лэжьыгъэр мы махуэхэм щIэгъэхуэбжьауэ йокIуэкI.**

ГЪУЭГУУХУЭХЭМ къызыхуэтыншэу зыхуей хуагъэзащ Аруан районым и жылащхьэ Нарткъалэ Ахъмэтым и цIэкIэ щыIэ уэрамым и машинэ зекIуапIэу километрым нэблагъэ зи кIыхьагъыр. Ар зэрагъэпэщыжащ «Гъуэгуфl шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ.

IэщIагъэлIхэм гъуэгум зи гугъу тщIы и Iыхьэм телъа асфальт-бетон «уэншэкужьыр» трагъэкъэбзыкIри асфальтыщIэ тIуащIэ «трабзащ», уэрамым и лъэс зекIуапIэхэр къагъэщIэрэщIэжащ, зэпрыкIыпIэхэр къызыхуэтыншэу щаубзыхуащ, дэщIыгъупхъэ нагъыщэхэр здэщыIапхъэм и кIыхьагъкIэ щыхагъэнэхукIащ, гъуэгунапщIэ Iуфэр мывэ гъэжахэмкIэ Iуагъэбыдыхьащ.

Комиссэм хэтхэм къапщытащ гъуэгуухуэхэм мыбдежым щрагъэкIуэкIа лэжьыгъэр фIагъ и лъэныкъуэкIэ зыхуэдэр: автомобиль зекIуапIэм и бгъуагъымрэ ищхъэрэ-ипщэ теухуауэ джабэ нэкIу щIыкIэу зэрызэхуагъэкIуар, гъуэгум тралъхьа асфальт-бетоныр ГОСТ-м щыгъэува мардэм зэрытехуэр, нэгъуэщIхэри.

Нарткъалэ администрацэм и унафэщI Бейтыгъуэн Арсен гъуэгуухуэхэм фIыщIэ яхуищIащ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм папщIэ: «Мыбдежыр, автомашинэ нэхъыбэ дыдэ щызекIуэу, Нарткъалэ и уэрам нэхъ зызыубгъуахэм ящыщ зыт, зэгъэпэщыжын зэрыхуейри куэд щIат».

IэщIагъэлIхэм зыхуагъэувыжа пIалъэм ипэ иту лэжьыгъэ псори зэрызэфIагъэкIари къыхэгъэщыпхъэщ.

**АЗЫЧЭ Бэллэ**.

# КъэкIыгъэхэм я зэфIэкIыр

**Инджылызым и щIэныгъэлIхэм иужь дыдэу ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, унагъуэ хадэ къэс щыхасэ жэгундэ плъыжьым нэхърэ нэхъ сэбэп къэгъуэтыгъуейщ нобэ дуней псом бжьыпэр щызыIыгъ гу, лъынтхуэ узыфэхэмкIэ, апхуэдэу лъы дэуейр и пIэм ирегъэзэгъэж, атеросклероз узым пэщIэтщ, лъынтхуэхэр егъэкъабзэ, къыркуэ ирищIэным пэщIэтщ.**

ЖЭГУНДЭМ лъынтхуэхэр лантIэ ещIри, лъыр хуиту щызэрегъакIуэ, апщIондэху гум хьэуа нэхъыбэ Iэрохьэри, нэхъыфIу егъэлажьэ. А псоми къадэкIуэу щIэныгъэлIхэм а хадэхэкIыр щагъэунэхуащ зи гум стент пкъыгъуэр хагъэувахэм я дежи. Стенокардие гу узыр зыпкърытхэмрэ инфаркт зиIахэмрэ я гу лъынтхуэхэр зэхуэша щыхъу щыIэщ, лъыр хуиту щыземыкIуэу. Аращ стент хагъэувэн хуей щIэхъур. Апхуэдэ операцэхэр дуней псом минищэ бжыгъэкIэрэ щащI, абы къыщыпакIуххьыркъым Урысейми. АтIэ инджылыз щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ сымаджэхэр тIукIэ нэхъ мащIэ хъунут жэгундэпсым и фIыгъэкIэ. Зи гум стентыр хэлъу мазих пIалъэкIэ абы ирагъэфахэм я лъынтхуэхэм ягъуэта Iузагъэр тIукIэ нэхъ ину къиутIыпщыжащ, ар зрамытахэм елъытауэ икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ, етIуанэу операцэ ящIу аортокоронарнэ шунтирование Iэмалым хуэкIуэн хуей хъуакъым.

ГъэщIэгъуэну а Iуэхум иджыри зы къыхагъуэтащ: нобэ псори зэрагъэшынэ нитратхэмкIэ жэгундэм хуэдэу къулей къэгъуэтыгъуейщ икIи абыхэм цIыхумкIэ зэранагъ ямыIэущ къызэрыщIэкIар.

Жэгундэпсым хэлъ нитратхэр Iэпкълъэпкъым зэрынэсу азотым и оксид (NO) пкъыгъуэм хуокIуэ. Аращ сэбэпынагъ псори къызыхэкIыжу жыхуаIэри, атеросклерозри абы хэту. ЦIыхум статин хущхъуэгъуэхэм къахуищIэр жэгундэм щагъуэтынущ икIи сымаджэхэм дохутырхэм хуатха хущхъуэхэмрэ жэгундэмрэ зэгъусэмэ сэбэпышхуэ зэрахуэхъунум шэч къытрахьэркъым. Ауэ щыхъукIэ, а къэкIыгъэм и псым махуэ къэс цIыхур ефэкIи зэраныгъэ къыдэкIуэу къахуэгъуэтакъым.

Жэгундэпсыр зэрыхущхъуэм и мызакъуэу, спортсменхэмкIи сэбэпышхуэу къыщIэкIащ - къару къахелъхьэ, къагъсэбэпыну зыхуимыт антидопинг пкъыгъуэхэми хиубыдэркъым. Лъынтхуэхэр зэрызэIуихым къыхэкIыу, бэуэгъуэ хуит йохуэри, бэшэчагъым хегъахъуэ. Япэу ар щагъэунэхуащ лъакъуэрыгъажэкIэ къэзыжыхьхэм я деж. Жэгундэпсым ирагъэфахэр секунд 11-м къыщыщIэдзауэ 45-м нэсыхукIэ сыт щыгъуи адрейхэм япэ ищащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ**.

**• КъБР-м и Прокуратурэм къет**

# ЦIыхуихым фэбжь ягъуэтащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николай къалэн ящищIауэ къапщытэ Тэрч районым хыхьэ Инарыкъуей къуажэм щыщ унеи лъапсэм газ баллоныр къыщIыщыуам и щхьэусыгъуэр.**

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, 2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м къагъэсэбэп газ баллоныр къуажэдэсхэм я унэм къыщыуащ икIи абы цIыхуи 6-м, зы сабии яхэту, фэбжь хахащ икIи мафIэм исахэр республикэ сымаджэщым яшащ.

Газ Iэмэпсымэхэр шынагъуэншэу къагъэсэбэпыныр къызэгъэпэщынымкIэ, мафIэсым зыщыхъумэнымкIэ хабзэм къигъэувхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъын хуейхэм я къалэнхэр зэрагъэзэщIар къапщыта иужькIэ прокуратурэр Iуэхум хэплъэнущ.

**УАРДЭ Жантинэ**.

# Профессор цIэрыIуэм и щIыхькIэ

• Юбилей

**Зи лэжьыгъэр бзэмрэ лъэпкъ тхыдэмрэ епха IэщIагъэлIхэм, дауи, яхэткъым совет, урысей, адыгэ бзэщIэныгъэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр джынымкIэ зэфIэкI лъагэрэ щIэныгъэ куурэ зыбгъэдэлъа КIэрашэ Зейнэб Ибрэхьим и пхъум (1923 -1998) и цIэр зэхэзымыха. Совет Союзым, Урысей Федерацэм, нэгъуэщI къэрал куэдым цIэрыIуэ щыхъуа адыгэ щIэныгъэ лэжьакIуэхэм ящыщщ ар. КIэрашэращ Адыгэ Республикэм щыпсэу бзылъхугъэхэм ящыщу япэу филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор цIэ лъагэхэр зыхуагъэфэщар. Мы гъэмахуэм илъэси 100 ирокъу лъэпкъ еджагъэшхуэр къызэралъхурэ.**






ЩIЭНЫГЪЭ куу бгъэдэлъащ КIэрашэм. Адыгей къэрал пединститутыр 1945 гъэм къиухри, абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Тбилиси къэрал университетым кавказыбзэхэмкIэ и къудамэм. Филологие щIэныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа Чикобавэ Арнольд и чэнджэщкIэ, Зейнэб щIэтIысхьащ а еджапIэ нэхъыщхьэм и аспирантурэм. Чикобавэ и нэIэм щIэтуи адыгэ бзылъхугъэ акъылыфIэм игъэхьэзыращ иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр лъабжьэ зыхуищIа кандидат диссертацэр. Ар КIэрашэм ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ 1953 гъэм. «Адыгеибзэм и шапсыгъ псэлъэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр» фIэщыгъэр зиIа къэхутэныгъэр хуабжьу хьэлэмэтт икIи купщIафIэт. Абы къыщыхьат щапхъэ куэд, шапсыгъ диалектым щыгъуазэ ухуищIу, а псэлъэкIэм хэлъ хьэлэмэтагъхэмрэ щхьэхуэныгъэхэмрэ наIуэ къищIу.

Абдежым къыщыувыIакъым щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ, къэхутэныгъэ къызэрымыкIуэхэм хуэжыджэр адыгэ бзылъхугъэр. Абы ерыщу иригъэкIуэкIащ адыгэбзэм и глаголхэм синтаксис и лъэныкъуэкIэ яхэлъ щхьэхуэныгъэхэр гъэбелджылыным хуэгъэпса къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. А унэтIыныгъэмкIэ къиугъуея псори КIэрашэм къыщызэщIикъуэжащ и доктор диссертацэу 1969 гъэм утыку ирихьам. Адыгэ бзэщIэныгъэм хэпщIыкIыу зезыгъэужьа а лэжьыгъэр куэдым гунэс ящыхъуауэ щытащ икIи щIэныгъэ дунейм пщIэ лъагэ щигъуэтат.

Щылажьэ Адыгей щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щригъэкIуэкI апхуэдэ Iуэхугъуэхэм къадэкIуэу, КIэрашэ Зейнэб 1954 гъэм къыщыщIэдзауэ щыIащ Адыгей къэрал пединститутым адыгэбзэмкIэ и кафедрэм. ЯпэщIыкIэ Зейнэб студентхэр иригъэджащ, иужькIэ хъуащ институтым филологиемкIэ и факультетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и унафэщI. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм я пэщIэдзэм КIэрашэр Адыгей республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу щытащ, Адыгей къэрал институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэми профессор къулыкъури щиIыгъыу. А IэнатIэхэм пэрыту, еджагъэшхуэр елэжьащ адыгэбзэм и морфологием, синтаксисым, диалектологиемрэ лексикографиемрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэм. А илъэсхэри, ипэ итахэм хуэдэу, гъэнщIауэ щытащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэмкIэ. Адыгэ лексикографием и тхыдэм щыяпэу, КIэрашэ Зейнэб иубзыхуащ псалъэгъэнахуэ псалъалъэр зэрызэхэгъэувэн хуей щIыкIэхэр, ар зытещIыхьын хуей мардэхэр. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ Хьэтанэ Абдул и гъусэу КIэрашэм зэхигъэуващ, иужькIи къыдигъэкIащ «Адыгеибзэм и псалъэгъэнахуэ псалъалъэ». Ар къыпхуэмылъытэным хуэдэ мыхьэнэ ин зиIэ лэжьыгъэ абрагъуэт. Апхуэдэт иужькIэ дунейм къытехьа «Адыгеибзэм и грамматикэ» тхылъри. Ар Зейнэб итхауэ щытащ бзэщIэныгъэлI цIэрыIуэ Рогавэ Георгий и гъусэу. ЩIэныгъэ лэжьакIуэ Iэзэхэм абы наIуэ къыщащIащ адыгеибзэм щыщу ипэкIэ зыми ямыджа псалъэ къэхъукIэ мардэхэмрэ псалъэухахэм я зэхэтыкIэ къызэрымыкIуэхэмрэ. А лэжьыгъэшхуэм, япэми хуэдэу, ноби щIэупщIэшхуэ щиIэщ щIэныгъэ дунейм.

Апхуэдэ тхылъ щхьэхуэрэ статья купщIафIэу куэд и къалэмыпэм къыпыкIащ КIэрашэ Зейнэб. Псори зэхэту къапщтэмэ, абыхэм я бжыгъэр 100-м щIегъу. ИщIэну псоми хунэмысу дунейм ехыжа еджагъэшхуэм и тхылъхэр щахъумэ Адыгей къэрал университетым и ЩIэныгъэ библиотекэм. Къинэмыщ Iауэ, абы щIэлъщ КIэрашэм зэхуихьэсауэ щыта и уней библиотекэри. Абы къызэщIеубыдэ кавказыбзэхэм я лингвистикэмкIэ, диалектологиемкIэ, бзитIри зэдэгъэлэжьэнымкIэ, славянхэм я бзэ кIуэдыжамрэ иджырей урысыбзэмрэ ятеухуа къыдэкIыгъуэ къызэрымыкIуэхэр, иджырей зэманым узримыхьэлIэжхэр. Псори зэхэту ахэр мэхъу тхылъ мини 2,1-м щIигъу. Апхуэдэу абы хэлъщ лIэщIыгъуэ блэкIам и 40-70 гъэхэм къриубыдэу бзылъхугъэ щыпкъэр зыхэтауэ щыта бзэщIэныгъэ зекIуэхэм къыщиугъуея IуэрыIуатэ, этнографие лэжьыгъэхэри, Iэрытххэри щIыгъуу. Куэдым яфIэхьэлэмэтщ 1953 гъэм къыдэкIауэ щыта «Адыгеибзэм и шапсыгъ псэлъэкIэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр» тхылъыр (ар урысыбзэкIэт дунейм къызэрытехьар) адыгэбзэкIэ зэдзэкIыжауэ Зейнэб и тхылъ хъумапIэм зэрыщIэлъыр. НэхъапэкIэ ар хэIущIыIу хъуауэ щытакъым.

ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, КIэрашэ Зейнэб дапщэщи жыджэру хэтащ щалъхуа щIыналъэм, къэралым щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэм. ЦIыхубэм я дзыхь къэрагъэзэу, зи дуней тетыкIэкIи Iуэху зехьэкIэкIи щапхъэ адыгэ бзылъхугъэр хахащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. Апхуэдэу Зейнэб мызэ-мытIэу щытащ Краснодар краймрэ Адыгей областымрэ я цIыхубэ депутату.

Адыгеибзэм и грамматикэм и ухуэкIэр зыгъэбелджыла, «Адыгеибзэм и псалъэгъэнахуэ псалъалъэ», «Адыгеибзэм и грамматикэ» щIэныгъэ лэжьыгъэхэр дунейм къытехьэнымкIэ фIыщIэшхуэ зыбгъэдэлъ, лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа хэкупсэм и зэфIэкIыым къиихьа ехъулIэныгъэхэм къэрал гулъытэ лъаги ягъуэтащ. КIэрашэ Зейнэб фIащащ РСФСР-м, Адыгэ Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр. ПщIэ хуащIу, Зейнэб хагъэхьауэ щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и 2-нэ конгрессым хэтынухэм. Апхуэдэу жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшыр ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академикт. Лъэпкъ щIэныгъэм щиIа зэфIэкI абрагъуэхэр къалъытэри, КIэрашэм хуагъэфэщауэ щытащ еджагъэшхуэ Чикобавэ Арнольд и щIыхькIэ ягъэуващ щыта дунейпсо саугъэтыр.

КъинэмыщIауэ, КIэрашэр дапщэщи ирагъэблагъэрт АР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту лажьэ Методикэ советым хэтыну. ЩIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа еджагъэшхуэр 1996 гъэм хагъэхьат АР-м и Президентым и деж АдыгеибзэмкIэ щылажьэ къэрал советым.

Къызэралъхурэ илъэси 100 ирикъуа адыгэ бзылъхугъэ еджагъэшхуэм и фэеплъыр ноби щахъумэ щIэныгъэ дунейм. Абы и фэеплъу щIэх-щIэхыурэ АКъУ-м щызэхашэ щIэныгъэ конференцхэр, симпозиумхэр. 1997 гъэм абы къыщызэIуахауэ щытащ КIэрашэ Зейнэб и щIэныгъэ щIэиным и пэш щхьэхуэ. ИужькIэ а дэфтэрхэр псори ЩIэныгъэ библиотекэм ягъэIэпхъуащ, пщIэ хуащIу. Еджагъэшхуэм и цIэкIэ АКъУ-м иджыблагъэ къыщызэрагъэпэщащ «Адыгэ бзэщIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъ Iуэхугъуэхэр» фIэщыгъэр зиIэ щIэныгъэ зэхуэс ин. Абы хэтащ ди къэралым, хамэ щIыпIэхэм къикIа еджагъэшхуэу 120-м щIигъу.

КIэрашэм и фэеплъыр, щIэиныр хъумэным епхауэ иужьрей зэманым зэфIаха лэжьыгъэфIхэм ящыщщ абы и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэм ящыщ куэд, Iэрытххэри хэту, бжыгъэр зи лъабжьэ технологиер къагъэсэбэпурэ, хъумапIэхэм зэрыщIалъхьар. А лэжьыгъэ къызэрымыкIуэр ягъэзэщIащ «Приоритет-2030» къэрал программэм къыпэкIуа грантым ипкъ иткIэ. Куэд дэмыкIыу къыдэкIынущ КIэрашэ Зейнэб и тхыгъэ зэхуэхьэсахэр зэрыт, томитI хъу тхылъ хьэлэмэтыр. Мазэ кIуам дунейм къытехьащ КIэрашэм и тхыгъэхэм ящыщу ипэкIэ зэи трамыдзахэр зэрыт «Бзэр лъэпкъым и псэщ» тхылъыр.

Апхуэдэ лэжьыгъэхэр икъукIэ сэбэпщ лъэпкъ еджагъэшхуэм и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэм бзэщIэныгъэм дихьэххэр, абы зи IэщIагъэр епхахэр щыгъуазэ хуэхъунымкIэ. Езыр дунейм ехыжами, зи цIэр ноби къраIуэ, зи гупсысэхэмрэ лэжьыгъэхэмрэ Iуэху тращIыхь адыгэ бзылъхугъэ еджагъэшхуэм бгъэдэлъа зэфIэкI лъагэр, и фэеплъыр сакъыу зэрахъумэм и щыхьэтщ а псори. КIэрашэ Зейнэб Ибрэхьим и пхъум игъэтIылъа щIэныгъэ лъабжьэр къэхутэныгъэщIэ куэдым я тегъэщIапIэ дяпэкIи зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# ЕхъулIэныгъэм и лъабжьэр

• Егъэджэныгъэ

**Мы гъэм етхуанэу ди къэралым щокIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэхэм папщIэ IэщIагъэлIхэр гъэпэжэным, саугъэт щхьэхуэхэр етыным теухуа еплъыныгъэ-зэхьэзэхуэхэр. ЕгъэджакIуэ нэхъыфIхэм я зэпеуэр къэралым хыхьэ щIыналъэ псоми зэрыщегъэкIуэкIын хуейм тещIыхьа унафэ 2018 гъэм къыдигъэкIауэ щытащ УФ-м и Президент Путин Владимир.**

«ЕГЪЭДЖАКIУЭ нэхъыфIхэм педагогикэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ саугъэтхэр етыным теухуауэ» зи фIэщыгъэ дэфтэрым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрми илъэс зыбжанэ хъуауэ къыщызэрагъэпэщ апхуэдэ Iуэхугъуэхэр. Абы хэтыну хуитыныгъэ яIэщ илъэси 3 нэхърэ мынэхъ мащIэ хъуауэ IэнатIэм пэрыт, курыт школыр зи лэжьапIэ нэхъыщхьэу щыт, абы ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрызыгъэхьа IэщIагъэлIхэр. Къыхэдгъэщынщи, мы гъэм екIуэкIа апхуэдэ Iуэхугъуэм хэтащ ди щIыналъэм щыщ егъэджакIуэ пщIы бжыгъэхэр. Iуэхум къыхузэрагъэпэща комиссэ щхьэхуэр набдзэгубдзаплъэу хэплъащ егъэджакIуэ пашэхэм я дэфтэрхэм, щыгъуазэ зыхуащIащ абыхэм я Iуэху зехьэкIэхэмрэ я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп методикэ пэрытхэмрэ.

А псори я тегъэщIапIэу, къэпщытакIуэхэр иджыблагъэ хэплъэжащ еплъыныгъэ-зэпеуэм кърикIуахэм икIи ягъэбелджылащ зэхьэзэхуэм щытекIуахэм я цIэ-унэцIэхэр. Абыхэм я ехъулIэныгъэфIхэм я лъабжьэщ ябгъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ зэфIэкI лъагэхэмрэ, лэжьыгъэм творческэу зэрыбгъэдыхьэри щIыгъужу. Апхуэдэхэщ: тхыдэмрэ обществознаниемрэ езыгъэдж Лукьяевэ Жаннетэ (Налшык дэт курыт школ №6), математикэмкIэ егъэджакIуэ Айшаев Кязим («ДыгъафIэ къалэм» и лицей), ОБЖ-мкIэ егъэджакIуэ ХьэцIыкIу Iэбубэчыр (Налшык дэт курыт школ №5), тхыдэмрэ обществознаниемрэ езыгъэдж ЗэкIурей Маринэ (Налшык дэт курыт школ №27), инджылызыбзэр езыгъэдж Урыс Каринэ (Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм дэт курыт школ №3), физикэмрэ астрономиемкIэ егъэджакIуэ Къэшэж Аслъэн (Налшык дэт лицей №2), математикэмрэ информатикэмкIэ егъэджакIуэ Жанкъулей Заретэ (Тэрч къалэм дэт курыт школ №2), пэщIэдзэ классхэр езыгъаджэ Дутчинэ Наталье (Май къалэм дэт курыт школ №5), пэщIэдзэ классхэр езыгъаджэ Мэрзей Наталье (Тырныауз къалэм дэт лицей №1), химиемкIэ егъэджакIуэ Рашидовэ Рае (Налшык дэт гимназие №29).



Зэпеуэм щытекIуахэм ящыщ ЗэкIурей Маринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм адэкIи зиужьыным хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщI, ехъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэрызыгъэхьа IэщIагъэлI пашэхэм иратынущ щIыхь тхылъхэр, сом мин 200 хъу ахъшэ саугъэтхэр.

**ТАМБИЙ Линэ.**

**Нобэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм я махуэщ**

# Фызабэхэр



**Джэрмэншык къуажэм и щIалэхэу 95-м я псэр ятащ хэкум папщIэ. А зауэ угъурсызым жылэм и бзылъхугъэ 59-рэ фызабэу къигъэнат. Абыхэм ящыщт бын хырых къызыхуэна Къумыкъу Гуащэ, МафIэдз Улэ, Шыджынэ КIуэракIуэ, Къардэн КIуат, бын тхурытху къызыхуэна Иуан Сурэт, КIуж Бабыхуэ, си анэ ЛIуп Бабынэ сымэ. Бын плIырыплI къахуэнат пщыкIузым, тIурытI – пщыкIутхум, бын ямыгъуэту фызабэ хъуащ пщIы. Фызабэ куэдым бынхэм я гуфIэгъуи ямылъагъуу дунейм ехыжащ**.

КОЛХОЗ тхьэмадэм и къуэдзэу лажьэ МафIэдз Хьэжмусэ зауэр зэрыщIидзэу мафIэ лыгъэм пэрыхьащ. Илъэс нэхъ дэмыкIыуи, и щхьэгъусэ Улэ щхьэкIуэ тхыгъэ къыIэрыхьащ. Абы къуищрэ пхъуищрэ къыхуэнат, быным я нэхъыжь Тозыр илъэс пщыкIутIым ихьауэ, нэхъыщIэ Розэ сабий цIынэу. Улэ махуэкIэрэ колхоз губгъуэм щылажьэрт, пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ колхоз правленэр игъэкъабзэрт: къипхъэнкIырт, къилъэсырт, хьэкум мафIэ ирищIэрт. Щхьэгъусэншэу къэна анэм телъ бэлыхьыр я нэгу щIэкIырт бын нэхъыжьхэу Тозыррэ Нонэрэ. Нэмыцэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щрахужам, Тозыр классиплI фIэкIа къимыухауэ колхозым хыхьащ, анэм гугъуехьыр дигъэпсынщIэн папщIэ. Абы игъэунэхуащ Iэхъуэшыхъуэнри, пхъэIэщэ тесынри, механизатор лэжьыгъэри. Тозыр къыкIэлъыкIуэу Нони, Хъызыри, Назири пасэу лэжьыгъэм пэрыувахэщ. Хъыджэбз нэхъыщIитIым ику ит щIэныгъэ зрагъэгъуэтащ. Зое илъэс 40-м нэс школым егъэджакIуэу щылэжьащ. Ауэ фызабэу къэна Улэ и бынхэм я гуфIэгъуэ илъагъуну хунэсакъым, игъуэ нэмысу дунейм ехыжащ. Улэ кIэлъыкIуэжащ и бынихри.

Зауэм ипэ илъэсхэм лэжьакIуэ пашэхэу, пщIэрэ щхьэрэ яIэу, я бын зэрапIынымрэ зэрагъэсэнымрэ иужь итхэу колхозым хэтащ Иуан НэIибрэ КIуж Хьэзешэрэ. ТIури зауэм хэкIуэдащ. НэIиб и щхьэгъусэ Сурэт зы щIалэрэ хъыджэбзиплIрэ цIыкIуу къыхуэнат. Сурэт сыт хуэдэ лэжьыгъэри Iумпэм имыщIу и бынхэр ипIащ: колхоз губгъуэм итащ, къуажэ школым пхъэнкIакIуэ-лъэсакIуэу илъэс куэдкIэ щылэжьащ.

Улэрэ Сурэтрэ я гъащIэм ещхьт КIуж Хьэзешэ и щхьэгъусэ Бабыху ейри. Зы щIалэрэ хъыджэбзиплIрэ къыхуэнэри, илъэс куэдкIэ ирихьэкIащ фызабэ гъащIэр. Хьэзешэ колхозым и механизатору, къыкIэлъыкIуэ ХьэмтIутI Iэщыхъуэу, нэхъыщIэ Хьэжсет шофёру лажьэхэу зауэм ираджэхэри, абы хэкIуэдащ. Сурэти Бабыхуи я бынхэр дунейм ехыжащ.

Абыхэм яхуэдэт Шыджынэ КIуэрыкIуи. И щхьэгъусэр зауэм хэкIуэдауэ, быних къыхуэнауэ, ар гугъуехьу зыхэтар къэлъытэгъуейщ. Езыри и бынхэри дунейм ехыжащ.

Ажий Мурадин, Линэ и щхьэгъусэр, къуажэ Советым и тхьэмадэт. Псом япэу зауэм кIуэн хуейуэ къилъытащ. Мурадин и гугъакъым и адэ-анэр, и бынхэр, и щхьэгъусэр, и Iыхьлыхэр иужь дыдэу илъагъужыну. Лини ищIакъым а махуэм щыщIэдзауэ фызабэ гъащIэр къызэрыхуиухыр. Абы ищIакъым и пщыкъуэ Мухътари, и дэлъху Жыраслъэни, и адэ къуэш Данили зауэм зэрыхэкIуэдэнур. Бзылъхугъэм и пщэ къыдэхуат и хъыджэбзищми и пщыпхъу нэхъыщIэ цIыкIуми, и гуащэ-тхьэмадэми яхуэсакъыну. Линэ дэIэпыкъуэгъуу зыщыгугъа и пщыкъуэ нэхъыщIэ Хьэбаси илъэс пщыкIуий иримыкъуауэ зауэм яфIэкIуащ, «Си къуэшхэм лъы щIагъажэ хэкум папщIэ сэри сызэуэнущ», - жиIэри.

Зэманыр ткIийти, нартыху кIэчан щхьэкIэ цIыхум суд тращIыхьынырт. Япэу къаIэрыхьат Мурадин теухуа хъыбар гуауэщхьэуэр: «Киев деж хъыбарыншэу щыкIуэдащ». Абы къакIэлъыкIуащ Мухътар, итIанэ Хьэбас я щхьэкIуэ тхылъхэр. Линэ и гуащэм и бынхэм папщIэ нэпс щIигъэкIыурэ нэф хъуати, и гугъуехьыр тIуащIэт, Лини ар зыхуей хуигъэзэн хуейт. Ар Псыхуабэ ишащ, и нэхэр операцэ хуригъэщIащ. Абы ирихьэлIэу, унагъуэм къаIэрыхьащ зыпэмыплъа гуфIэгъуэ хъыбар: Хьэбас уIэгъэ хьэлъэу Рыбинск уIэгъэщым зэрыщIэлъыр, аргуэру ар фронтым зэрыкIуэжыр зэрыт тхыгъэ. Абы къаруущIэ къыхилъхьэжащ унагъуэм. Линэхэ я гъунэгъуу псэуа тхакIуэ Къашыргъэ ХьэпащIэ «Зы жэщ» и фIэщыгъэу итха рассказым хэт бзылъхугъэм и образыр зытрищIыкIар Линэщ.

Линэ дунейм ехыжащ илъэс 60-м зэрыщхьэдэха щымыIэу. Бзылъхугъэр сыт хуэдэ гугъуехь пэрытами, и хъыджэбзищым щIэныгъэ яригъэгъуэтыфащ. Лусэ илъэс 40-м щIигъукIэ Нартан къуажэм дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ, Лонэ Налшык еплIанэ курыт еджапIэм нэмыцэбзэр щрагъэджащ. Зи адэр зымылъэгъуа Ленэ сатумкIэ институт къиухри, а IэщIагъэм ирилэжьащ илъэс 30-м щIигъукIэ. Щыри дунейм ехыжащ.

Си адэ ЛIуп Данил граждан зауэм хэтащ. 1932 гъэм бадзэуэгъуэм и 31-м Налшык щызэхэта комиссэм и протокол №1-м итщ: «ЛIуп Данил 1918 гъэм езым фIэфIу Дзэ Плъыжьым хыхьащ. 1919 гъэм Дзэ Плъыжьыр пIалъэкIэ щикIуэтым, Гикалэ Николай зи унафэщI партизан отрядым хыхьащ икIи 1920 гъэм Къэбэрдейм Совет властыр щыщагъэувыжым щапхъэ къигъэлъагъуэу хэтащ. Комиссэм ЛIупыр партизан плъыжьу къелъытэ». Къэбэрдей-Балъкъэрым и 115-нэ шу дивизэм хыхьащ, «къэзэзэуа властыр зыми естынукъым», - жиIэри. Хэку зауэшхуэм кIуащ.

Иужь дыдэ письмор къэкIуат 1943 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м. Абы итт: «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм датекIуэн папщIэ, фымыбэлэрыгъыу фылажьэ. Дэ тлъэкI къэдгъэнэнкъым, текIуэныгъэр къэтхьын папщIэ. Си псэр стын хъуми, щIэстынур сощIэ: ар хэкурщ, дунейм мамырыгъэ, дахагъэ, лэжьыгъэ щыIэнырщ. Сыхуейт си щIэблэр – си бынхэр Хэкум хуэпэжыну, еджэну, лэжьэну».

И псэм ищIа хуэдэт а зауэм и гъащIэр зэрыхилъхьэнур. Куэд дэмыкIыуи хъыбар гукъутэр унагъуэм къыIэрыхьащ. Ди анэ Бабынэ дыкъыхуэнат сабиитху. Нэхъыжь Хьэфисэт илъэс 15-м итт, нэхъыщIэ Владимир Iэблэтест ди адэр зауэм щыхэкIуэдам щыгъуэ. «Вы зимыIэм шкIэ щIещIэ» жыхуиIэрати, Хьэфисэтрэ Муслъимэтрэ школым къыщIэкIри, колхозым хыхьащ. Ди адэр зауэм кIуэуэ, вагоным щитIысхьэм ди анэм къыжриIат: «ХъыджэбзитIым щхьэкIэ зыри жысIэркъым, ауэ щIалищыр йомыгъаджэмэ, сыпхуэарэзыкъым. Сыпсэууэ сыкъэкIуэжмэ, сэ абы и унафэр сщIынущ, ауэ зауэм сыхэкIуадэмэ – си уэсятщ».

Сыт хуэдиз гугъуехь темылъами, си анэм игъэзэщIащ ди адэм и уэсятыр. ХъыджэбзитIыр къыдэкIуэтейри унагъуэ ихьащ. ЩIалищыр анэм дыкъыхуэнэри, дригъэджащ. Сэрэ нэхъыщIэмрэ ди университетыр къэдухащ, курыт Мурадин Москва щеджащ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуащ. Дэри ди адэр зыщIэхъуэпса гъащIэм, Хэкум дыхуэпэжщ. Сэ илъэс 22-кIэ школым сыщылэжьащ, абы щыщу 12-м директору. Илъэс 20-кIэ колхоз парт зэгухьэныгъэм и секретару, колхоз тхьэмадэм срикъуэдзэу сыщытащ, жылагъуэ лэжьыгъэхэм сыхэтащ. Мурадин илъэс куэдкIэ лэжьащ КъБКъУ-м и кафедрэм и унафэщIу, мэкъумэш факультетым и декану. И лэжьыгъэфIхэм папщIэ къыфIащащ «КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. Адэр сурэткIэ фIэкI зымыцIыху Владимир илъэс 30-м щIигъукIэ лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и племобъединенэм и зоотехник нэхъыжьу.

Ди анэм гугъу зыщIригъэхьа бынхэм ди гуфIэгъуэ илъэгъуащ, дэри тлъэкI къэдмыгъанэу зэрыдгъэтыншыжыным и ужь дитащ. Ди анэр дунейм ехыжащ 1982 гъэм. Данил и бынхэу Хьэфисэт - 2008 гъэм, Муслъимэт - 2015 гъэм, Владимир - 2017 гъэм дунейм ехыжахэщ. Я ахърэтыр Тхьэм нэху ищI!

Зауэм фызабэу къигъэнахэм пенсэшхуэ къратакъым, лы, тхъу, джэдыкIэ ерыскъыхэкIхэр щатми храгъэубыдакъым, цIыхухэм тралъхьэу щыта заёмхэри щхьэщахакъым. Фызабэ куэдым я быныр егъэджэнымкIэ къэралыр зэрадэIэпыкъуаи щыIэкъым. Абы къыхэкIыу куэд щIэныгъэншэу къэнащ. Псэуащ ахэр адэ зиIэхэм, зыхуей нэхъ зыгъуэтхэм ехъуапсэу.

Зауэм фызабэ ищIахэмрэ абыхэм я бын зеиншэхэмрэ теухуауэ 2009 гъэм тхылъ къыдэзгъэкIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым абы теухуауэ си тхылъырщ щыIэр: «Солдатские вдовы и их дети». 2014 гъэм школ пщIантIэм щыдгъэуващ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ сын.

Зауэм хэкIуэда ди щIалэхэми, дунейм ехыжа фызабэхэми, пасэу дунейр зыбгына зеиншэхэми я ахърэтыр нэху Тхьэм ищI! Къремыхъуж зэи апхуэдэ зауэ!

**ЛIУП Нурхьэлий**,
*Джэрмэншык къуажэм и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ.*

**ГукъэкIыж**

# Тщыгъупщэркъым



**И цIыхугъэкIэ, и IуэхущIафэкIэ гъащIэм лъэужь дахэ къыхэзынахэм ящыщщ егъэджакIуэ, щIэныгъэлI гъуэзэджэу щыта ЩхьэщэмыщI Хьэту Хьэжбий и къуэр. Абы и гугъу щыпщIкIэ зэуэ нэгум къыщIоувэ и теплъэ зэкIуэжыр: ар сытым щыгъуи екIуу хуэпат, и щхьэц утIэрэзар егугъупэу телъэщIат, и нэгум гуапагъэр кърихырт. Ауэ... и нэхэм нэщхъеягъуэ гуэр щIэплъагъуэрт, сабиигъуэ хьэлъэм и джэрпэджэжу къыщIэкIынт**.

ПАСЭУ гугъуехьым ипсыхьа цIыхут Хьэту. Ди анэм зэрыжиIэжымкIэ, зи ныбжьыр илъэси 8-м ит щIалэ цIыкIум и сабиигъуэр щхьэщагъэкIуэтат абы и пщэ къыдэхуа балигъ къалэнхэм. 1945 гъэм гъатхэпэм и 10-м Венгрием фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжым лIыхъужьыгъэ къигъэлъагъуэу хэкIуэдауэ щытащ абы и адэ Хьэжбий. И анэр, зауэ нэужь зэман гугъухэм псэукIэр зэфIэгъэувэжыным зи гуащIэр хэзылъхьа цIыхубз куэдми хуэдэу, пщэдджыжьым щыщIэдзауэ жэщ хъуху колхоз губгъуэм щылажьэрт. Школым къикIыжа сабийр щIакхъуэ къудей зыщIэмылъ унэ щIыIэм къыщIыхьэжырт, унагъуэ къалэнхэр зэфIигъэкIырт, чыхугъурщыпэ кIуэрти, пэшхьэкур зэрагъэплъыныр къихьырт. Сыт хуэдизу гугъу ехьами, и еджэным кIэригъэхуакъым, икIи щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэу щыт щIалэм и егъэджакIуэхэр къыщытхъуу курыт школыр къиухащ. Абы иужькIэ ар щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и биологие къудамэм. Университет нэужьым Хьэту зэман гуэркIэ егъэджакIуэу щылэжьащ езыр къыщалъхуа Старэ Урыху къуажэм дэт курыт школым. ИужькIэ зи гур щIэныгъэм хуэпабгъэ ЩхьэщэмыщIыр КъБКъУ-м и аспирантурэм щIэтIысхьэжащ икIи дэзыхьэха Iуэхум кууэ зыхигъэгъуэзащ. 1968 гъэм абы ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ и кандидат диссертацэр, 1995 гъэм биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор цIэр къыфIащащ.

Хьэту и гъащIэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэта университетым. КъызэрыгуэкI егъэджакIуэу къыщыщIидзэри, пщIэрэ щхьэрэ зиIэ щIэныгъэлI цIэрыIуэм и гъуэгуанэр кърихьэлIащ абы. 1979 гъэм щегъэжьауэ 1985 гъэ пщIондэ КъБКъУ-м и химие-биологие факультетым зоологиемкIэ и кафедрэм и унафэщIу щытащ. 1985 – 1990 гъэхэм СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием Эволюцэ морфологиемрэ экологиемкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьым и къулыкъури ирихьэкIащ. Зыхэт гупым, иригъаджэ студентхэм я деж абы и пщIэр щылъагэт, фIыуэ къалъагъурт. И щIэныгъэ куум и закъуэтэкъым абы цIыхухэр къызэрыдихьэхыр, атIэ и гушыIэ дахэхэмкIи я гум нэсырт.

Хьэтурэ сэрэ зэшыхэм драбынт. Сыщыстудентхэм щыгъуэ куэдрэ къызэупщIхэрт: «Хьэту уи анэкъилъху дэлъху?» - жаIэурэ. Сэ ар нэгъуэщIуи къысщыхъуртэкъым. Ди дэлъху нэхъыжьым хуэдэут дэ ар къызэрытлъытэр, езыри апхуэдэу къытхущытыжт, фIыуэ дыкъызэрилъагъур зыхэтщIэрт, и гулъытэ зэи дыщигъащIэртэкъым. Ди анэрати, ар зыхуигъадэ щыIэтэкъым, гукIи псэкIи хуэгумащIэт.

ЦIыху гуапэт, хабзэ зыхэлът, гулъытэ зиIэт Хьэту. И унагъуэр и гъусэу щхьэхуэу псэут ар, ауэ зы махуэ къэмынэу и анэм деж кIуэрт. Абы и нэгум имыплъэмэ, и Iуэхур зыIутыр зримыгъащIэмэ, къуэ гумащIэм псэхугъуэ игъуэтынутэкъым. ЛэжьапIэ нэужьым япэщIыкIэ и анэм деж екIуэлIэжырт, абы и махуэр зэригъэкIуам зыщигъэгъуазэрти, и гур зэгъауэ и унагъуэ дахэм яхыхьэжырт. Хьэтурэ и щхьэгъусэ Эрнэрэ хабзэрэ нэмысрэ зыдэлъ жьэгум и хъумакIуэхэт. Я бынхэу Тиморэрэ Элинэрэ фIым хуаущийуэ къагъэхъуащ, щIэныгъи ирагъэгъуэтри, гъащIэми лъэ быдэкIэ хагъэуващ. Щхьэгъусэ нэсым и щапхъэт Эрнэ, хуэфэщэн пщIэрэ гулъытэрэ хуищIу, зызрипщыт сыт хуэдэ Iуэхури диIыгъыу къыдекIуэкIащ ар и унагъуэ тхьэмадэм. Бзылъхугъэм и къалэн нэхъыщхьэр псэр щытынш жьэгу щхьэгъусэм къыхузэгъэпэщынращи, ар фIы дыдэу къехъулIащ Эрнэ. Псом хуэмыдэу Хьэту иригушхуэрт и унэм хэт лэжьапIэ пэшым – тхылъ гъэщIэгъуэнхэр зытет дапхъэхэмкIэ зи блынхэм къегъэувыкIам и зыгъэпсэхугъуэ зэманыр щигъэкIуэну фIэфIт.

Дэтхэнэ цIыхуми иIэщ щапхъэ хуэхъу. Хьэту пщIэшхуэ хуищIырт икIи фIыуэ илъагъурт Мэлбахъуэ Тиморэ. Абы и унафэщI Iэзагъэм, и акъылым, хьэл зэпIэззэрыт зэриIэм, зыхущIэкъур ерыщу зэрызригъэхъулIэфым игъэщIагъуэу тепсэлъыхьырт. Апхуэдиз Iулыдж зыхуиIэ лIыщхьэм и цIэри и къуэм фIищыжауэ щытащ.

Iуэху гуэркIэ псори дызэрихьэлIэжамэ, абы и хъуреягъым дыкъепщIэкIырти, жиIэж хъыбархэм дыдихьэхауэ дедаIуэрт, удэзыхьэх и дыхьэшхыр нобэхэми зэхэтхыу къытщохъу. Апхуэдэу зэгуэрым Iуэтэж гъэщIэгъуэн жиIэжри, псори ину зэщIигъэдыхьэшхат. Дыхьэшх макъыр зэхэзыха нысэр пщэфIапIэм къыщIэжри зыхуигъэзащ: «КхъыIэ, сэ зэхэсхакъыми, иджыри зэ къытхуэIуэтэж», - жиIэри. Иджыпсту хуэдэу си нэгум щIэтщ а теплъэгъуэр. А дакъикъэм гушыIар арауэ умыщIэжыну, зэпIэззэрыту къэпсалъэри: «Сыт, нысащIэ, сыажэгъафэ сэ?» - жиIэри аргуэру псори игъэдыхьэшхат.

Пэжыгъэр, захуагъэр япэ изыгъэщ цIыхут Хьэту. Лэжьыгъэм Iуэхур нэсамэ, ткIийуэ, жэуаплыныгъэ пылъу бгъэдыхьэрт, и зыгъэпсэхугъуэри дахэу, екIуу, гукъинэжу къызэригъэпэщырт.

Узыфэ хьэлъэм иубыдри, и ныбжьыр илъэс 60-м нэмысауэ дунейм ехыжащ ЩхьэщэмыщI Хьэту. ГъащIэ купщIафIэ къызэринэкIащ, шэч хэмылъуи зыцIыхуу щатахэм я гум фIыкIэ къинащ. И благъэ-Iыхьлыхэм зыхыдощIэ абы дызэрыхуэныкъуэр, дызэхуэсыжа нэужьи сытым дежи гуапэу дигу къыдогъэкIыж. Ауэ нэхэм нэпсыр къыщIэмыувэу нобэми абы и гугъу тхуэщIыркъым.

**БЛИЙ Иринэ**.

# Къаруушхуэм пэлъэща бзаджагъэ

*МЫ ГЪЭМ илъэс 315-рэ ирокъу Къэнжал зауэм къэбэрдейхэм текIуэныгъэр къызэрыщахьрэ. 1708 гъэм мини 10 фIэкIа мыхъу адыгэдзэм мин 60 - 70-м хуэдиз къэрымыдзэм кIэ иратауэ щытащ. Дауи, а Iуэхугъуэр икъукIэ гъэщIэгъуэнщ икIи а лъэхъэнэм Къэбэрдеймрэ Къырымымрэ яку дэлъа зэбиинығъэмрэ зауэмрэ нэхъ нэIуасэ захуэтщIын папщIэ зыхуэдгъэзащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэ Къущхьэбий Анзор.*

**- КъызэрыслъытэмкIэ, Къэнжал зауэм и пэжыпIэм щымыгъуазэ куэд къытхэтщ. Абы пэщIэдзэ хуэхъуам укъытхутепсэлъыхьмэ, куэдым хьэлэмэт ящыхъуну къыщIэкIынщ.**

- Къэнжал зауэм Къэбэрдей - Кърым зауэкIи йоджэ. Ар щекIуэкIар 1707 - 1708 гъэхэращ. А лъэхъэнэм къэралыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуабжьу зэгурымыIуэныгъэшхуэхэр яку дэлът, я зэхущытыкIэхэр зэIыхьат - европей къэралышхуэхэр (империе) зэныкъуэкъурт адрей нэхъ цIыкIухэр зэзылъэфэлIэнымкIэ. КъуэкIыпIэмкIэ Уэсмэн империемрэ Иранымрэ зэхуэдзэлашхэрт азие къэралхэр зэпаубыдауэ. Дауи, КавказымкIи къаплъэрт ахэр икIи ар зылъысыным теухуауэ Европэмрэ КъухьэпIэмрэ зэпэщIэтырт. Къапщтэмэ, Ираным дагъыстэн лъэпкъхэр иубыдыну иужь ихьауэ щытащ. Уэсмэн империер хущIэкъурт КIахэмрэ Къэбэрдеймрэ зыIэригъэхьэну, и унафэм щIигъэувэну. А зэманым Къэбэрдейри КIахэри къэрал щхьэхуиту щытащ.

1707 гъэм гъатхэм кърым хъаныгъуэм Къаплъэн-Джэрий къытеуващ. Езы кърым хъанхэм хабзэу ягъэувауэ щытащ, хъанымщIэ щытеувэм деж, къэрал гъунэгъухэм тын къытрахыу. Апхуэдэу, Кърымым къикIыу Къэбэрдейм къэкIуащ калга Менгли-Джэрий, зауэлI гупышхуэ щIыгъуу. КъыщIагъэкIуар - тын папщIэу Къэбэрдейм хъыджэбзрэ щIалэу мини 3-м нэс къыIрахыну арат. Кърымым къикIа зауэлIхэм цIыхухэм зытрагъэхьэлъэрт, гущыкIыгъуэу защIырт, жылэхэр яхъунщIэрт. А лъэхъэнэм Къэбэрдейм и пщышхуэу щыта ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ хасэ зэхишэри, абы унафэ щащIащ кърым зауэлIхэр зэтраукIэну икIи зы жэщым кърихубыдэу биийм кIэ къыхуагъэкIуащ. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, езы Менгли-Джэрий ямыукIыу яутIыпщыжащ.

**- Ар сытым къыхэкIыу?**

- ГурыIуэгъуэщ - къащыщIар и лъэпкъэгъухэм ялъигъэIэсыжын папщIэ. Шэч хэмылъу, кърым хъаныр хъийм икIат икIи Истамбыл лIыкIуэ игъэкIуащ Тырку сулътIан Ахьмэд III-м иригъэлъэIуну, Къэбэрдейм дзэ игъакIуэу зэтригъэукIэну хуит къищIыну (абы щыгъуэ кърым хъаныгъуэр Уэсмэн империем хыхьэу щытащ). СулътIаным унафэ имыщIауэ Къаплъэн-Джэрий хуиттэкъым зыми зауэ иришIылIэну. Арати, Ахьмэд III-р абы арэзы техъуащ икIи и щыхьэту кърым хъаным къыхуригъэхьыжащ сэшхуэрэ щыгъын лъапIэхэмрэ. СулътIаным и унафэмкIэ, тэтэрхэмрэ нэгъуейхэмрэ зы защIыу Къэбэрдейр яубыдыну арат.

Тхылъхэм, документхэм къазэрыхэщыжымкIэ, кърым хъаным илъэскIэ зигъэхьэзыращ икIи дзэшхуэ зэхуишэсащ. КъызэралъытэмкIэ, а дзэр зауэлI мин 60 - 70 хъурт. Абы хэтт езы кърым-тэтэрхэри, Бисарабиемрэ Псыжь Iуфэм Iус нэгъуейхэри, Каффэ быдапIэм дэт тырку горнизонри. Псори шуудзэт, абы нэмыщI артиллерие яIэт - топ 24-рэ. Дзэр накъыгъэ мазэм къежьащ - апхуэдиз гъуэгуанэ зэпачынум шыхэр шхын щхьэкIэ лIэнути, удзым зиIэтыху пэплъауэ арат. ЗэратхыжымкIэ, къыщысар гуэдзыр щыхъу зэманрат. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, бадзэуэгъуэ мазэращ.

Къэбэрдейм ар щызэхахам, загъэхьэзыру щIадзащ - ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ цIыхухъу псори къызэфIигъэуват, ауэ зауэм Iухьэнур уэркъхэрат.

**- Къэбэрдейхэм я закъуэ апхуэдиз цIыхум пэщIэувэнурат? ДэIэпыкъуэгъу яIакъэ?**

- Пщышхуэр дамэгъу лъыхъуэу Къалмыкъ хъаным деж лIыкIуэ игъэкIуауэ щытащ, фыкъыддэIэпыкъу, жиIэри. Ауэ, Пётр I-м и унафэ сиIэкъым, жиIэри, къэбэрдейхэм къыддэIэпыкъун идакъым. Щыхуеим деж урыс пащтыхьым и унафэм щIэупщIэртэкъым ахэр, кърым хъаным щышынауэ арат. Апхуэдэу, дон, тэрч къэзакъхэми елъэIуахэт. Абыхэми зыкъытщIагъэкъуакъым. Тэтэрыдзэр къэмыс щIыкIэ къуажэм дэсхэр псори дашри, бгыхэм щагъэпщкIуауэ щытащ. Жагъуэгъур къыщысам, занщIэу зауэр ямыублэу, зралъэфыхьу щIадзащ, тыныр къэбэрдейхэм мамырыгъэкIэ къызэрыIэщIагъэкIыным хэту. Адыгэхэм Хасэ зэхашати, псоми зы жьэу жаIаращ: «Зыри еттынукъым икIи депсэлъэнукъым, унафи зыхуедгъэщIыххэнукъым. Дызэуэнущ!»

Тхыдэм къызэрыхэщымкIэ, мазэрэ ныкъуэкIэ, зы жэщ къэмынэу, къэбэрдейхэр кърымыдзэм теуэурэ, зэтраукIэу щIадзащ. ГъэщIэгъуэнракъэ, зэ закъуэ махуэу ятеуакъым. Къэбэрдейхэр бзаджагъэм хуэкIуауэ арат.

**- Къэнжал зауэ фIэщыгъэр щхьэ игъуэтат абы?**

- Иныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, къырымхэр икIуэтурэ Къэнжал щIыпIэм нэсат. Ауэ дэ дызэригугъэмкIэ, езы адыгэхэр хуейуэ бийр а лъагапIэм драхуеяуэ арат. Я топхэр къырагъэлъэфэкIыну кърымхэм махъшэхэр къыздашат икIи я Iэщэхэр псори Къэнжал лъагапIэм здрашеят, ауэ сэбэп яхуэхъуакъым. 1708 гъэм фокIадэ мазэм «жэщтеуэ зауэр» яублащ къэбэрдей шуудзэхэм. Къэнжалым узэрыдэкIуей гъуэгур икъукIэ кIыхьщ икIи бгъузэ нашэкъашэщ. Жэщтеуэм къела кърымыдзэр абы къыщехыжым дзэм и нэхъыбэри зэтраукIэжащ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт иджыри зы Iуэхугъуэ - шыдхэм мафIэ щIагъанэурэ, кърымыдзэм хаутIыпщхьат, псэущхьэ лажьэ зимыIэхэр къагъэсэбэпащ, жаIэ зыгуэрхэм. Ар щыуагъэщ икIи делагъэ дыдэщ жыпIэну. Зы тхыгъи щыIэкъым щыхьэт техъуэу. ЗауэлIхэм абы теухуауэ жаIэнур къэтщIэн папщIэ, Афганистаным, Абхъазым щызэуа щIалэхэр здэтшэри дыкIуат Къэнжалым. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, Iэмалкъым шыдхэр Iуащхьэ нэс дэплъэфеину, укъызэралъагъуным къищынэмыщIыжа, мыхьэнэ лъэпкъ иIэкъым, апхуэдиз къару тебгъэкIуадэу, псэущхьэ ерыщым мафIэ лыгъейр къыпихыу кърымыдзэм хэбутIыпщхьэным. Уегупсысми, апхуэдизу зауэ куэдым хэлIыфIыхьа зауэлI IэкIуэлъакIуэхэр шыдкIэ пхуэгъэшынэну?!

НэгъуэщI зы лъэпкъи къыхэмыIэбэу, Къэбэрдейм и закъуэ къиихьа текIуэныгъэщ ар. Тхылъхэми Iупщ Iэу къыхощ - «Зы цIыху фыкъыддэIэпыкъуакъым, ауэ кърымхэм датекIуащ» жиIэу иту, Урысейм тхыгъэ ирагъэхьауэ щытащ адыгэхэм. Къэбэрдеипщхэм я зэныкъуэкъуныр щагъэтщ, зэкъуэувэри, биийм ятекIуауэ station аращ. Зауэм и кIэм кърымыдзэм къыхэнэжар цIыху мини 5-т. ЗауэлI нэхъыфI дыдэхэм къыхащыпыкIауэ зы минрэ ныкъуэм хуэдиз хъуууэ къежьа Сеймен дзэм щыщу къэнэжар цIыху 17-т. Ари къелауэ аратэкъым, атIэ езы къэбэрдейхэм яутIыпщыжауэ арат.

**- Сыт хуэдэ гупсысэм къыхэкIыу яутIыпщыжат ахэри?**

- Къэбэрдейхэр мыбдеж аргуэру бзаджагъэм хуэкIуащ - Къаплъэн-Джэрий яукIатэмэ, Уэсмэн империем ар щихъ хъуауэ къалъытэнут икIи абы илъ ящIэжыну иджыри дзэ къагъэкIуэнут Къэбэрдейм. А зэманым адыгэхэм муслъымэныгъэр къэзыщтауэ хэтыр мащIэ дыдэт (пщыхэмрэ уэркъхэмрэт). Шэрихьэтым зэрыжиIэмкIи, муслъымэнхэм «Тын къызэфт!» жыпIэу пэбубыд хъунутэкъым, ауэ къэбэрдейхэр муслъымэну къалъытэртэкъым абыхэм.

**- Анзор, Къэнжал зауэм и мыхьэнэуэ къалъытэр сыт? Сыт абы адыгэм и тхыдэм увыпIэшхуэ щIыщиубыдар?**

- Япэрауэ, Къэбэрдейр кърымыдзэ шынагъуэм къелыфащ. Иджыри зэ къытезгъэзэжынщи, къэбэрдейхэр мини 10 къудей хъууэ арат, кърымхэр мин 60 - 70 хъурт. ЕтIуанэрауэ, къэбэрдейхэм адрей адыгэ лъэпкъхэри къэрагъэлауэ щытащ. Абыхэм кърымыдзэр зэтрамыукIатэмэ, ди щIыналъэри, адрей лъэпкъхэри зэщIаубыдэнут. Ещанэрауэ, а зэманым дуней псом къыщекIуэкIа Iуэхугъуэхэр къапщтэу щытмэ, абы щыгъуэ Урысеймрэ Швециемрэ гуащIэу зэзауэу щытащ. Швед пащтыхь Карл XII-мрэ тырку сулътIанымрэ зэгурыIуат кърым хъаным и дзэр къежьэу шведхэм къадэIэпыкъуну. Ауэ, зэрытщIэщи, кърымыдзэм и нэхъыбэр Къэбэрдейм щызэтраукIауэ щытащ икIи шведхэм дагъэIэпыкъужын яIэжакъым. Апхуэдэу, кърымыдзэр къэмысурэ Пётр I-м и дзэр шведхэм текIуауэ щытащ. Абы къыхэкIкIэ, Къэнжал зауэм дунейпсо мыхьэнэ егъуэт.

*Епсэлъар* **ФЫРЭ Анфисэщ**.





# Лъабжьэр псэумэ, къуэпсыр быдэщ

**Къэбэрдей Адыгэ Хасэм щагъэлъэпIащ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) академием зэрыхагъэхьам щыхьэт техъуэ дипломыр къратыжащ щIэныгъэлI, филолог, макъамэдж Чурей Дыжьын.**

- ДЫЖЬЫН Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ, ХьэкIуащэ Андрей и щIэныгъэ унафэщIу итха кандидат лэжьыгъэр пхигъэкIащ. ИужькIэ доктор диссертацэр хухихащ хэхэс адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я макъамэ щэнхабзэм. Абы теухуауи тхылъ къыдигъэкIащ. Доктор диссертацэр щыпхигъэкIащ Абхъазым щIэныгъэхэмкIэ и академием. А псор къэтлъытэри, дызэдэарэзыуэ Чурей Дыжьын нэгъабэ хэдгъэхьащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием. Мы хъыджэбзым щIэныгъэ лэжьыгъэхэр итхащ, тхылъ куэд къыдигъэкIащ, зэпымыууэ щIэщыгъуэ гуэрхэм йолэжь. Тхьэм хущIигъэхьэ! - жиIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. - Куэд щIакъым Дыжьын и адэ Чурей Алий дунейм зэрехыжрэ. Ар ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием хэтащ. ИщIэрт Дыжьын академием зэрыхэдгъэхьар, ауэ дипломыр зэрыIэрыхьэжыр илъэгъуакъыми, и псэр щыгуфIыкIыу Тхьэм къыщIигъэкI!

- 2019 гъэм ЩIДАА-м и президенту хэтхащ Къанокъуэ Арсен. Абы лъандэрэ академием и лэжьыгъэр хъарзынэу зэтеуващ, проектыщIэхэми долэжь. Къанокъуэ Арсен и гукъэкIкIэ къызэгъэпэща хъуащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиер мардэм тету лэжьэн зэрыхуейм тегъэпсыхьа, хамэ къэралхэм адыгэ щIалэгъуалэр щегъэджэным теухуа, адыгэм и тхыдэм, щэнхабзэм, лъэпкъ шыфэлIыфэхэм щытепсэлъыхь тхылъхэр къыдэгъэкIыным хухэха проектхэр. ХьэфIыцIэ Мухьэмэд къыхилъхьауэ нэгъуэщI зы проектышхуэ щыIэщ «Хэт академием хэтыр?» и фIэщыгъэу. Академием хэтхэм я IуэхущIафэхэм, зэфIэкIхэм теухуа тхыгъэхэр, сурэтхэр щызэхуэхьэсауэ къыдэдгъэкIын ди гугъэщ тхылъ. Ар зы илъэсилъэситIкIэ пхуэухынукъым, зэман текIуэдэнущ. Академием хэдгъэхьэр щIэныгъэкIэ зэпеуэшхуэм пхыкIхэрщ. Абы ухэлэжьыхьыну тыншкъым, ауэ гъэщIэгъуэнщ икIи щхьэпэщ. Чурей Дыжьын и щIэныгъэкIэ къилэжьри и насыпми къихьащ академием хэтынуи, Тхьэм IуэхуфI куэд хузэфIигъэкI, - жиIащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) академием и секретарь нэхъыщхьэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**. Абы Дыжьын ЩIДАА-м зэрыхэтым щыхьэт техъуэ дипломымрэ бгъэхэIумрэ иритыжащ.

Академием IуэхуфIхэр щилэжьыну, и мурадхэр къехъулIэну, лъэпкъым папщIэ куэд хузэфIэкIыну бзылъхугъэм ехъуэхъуащ ЩIДАА-м и президентым и чэнджэщэгъу **Бэлахъуэ Олег**.

Гулъытэ къыхуэзыщIахэм фIыщIэ яхуищIащ, ахэр къимыгъэщIэхъуну къигъэгугъащ Чурей Дыжьын.

- Хэкужьым къыщыдгъэзэжа зэманыр гугъут, пэжым ухуеймэ. Ауэ ди псэр тыншу дыщыпсэуащ, сыту жыпIэмэ, ди ныбжьэгъухэр, ди благъэхэр мыбы щыIэти, дагъэгушхуэрт. Нобэ гулъытэ къыщIысхуащIа лэжьыгъэр си щхьэ закъуэкIэ щIа хъуакъым. Илъэс куэдкIэ къыздэIэпыкъуащ ди щIэныгъэлIхэр. Нало Заур, КъардэнгъущI Зырамыку, ЦIыпIынэ Аслъэн, Гъут Iэдэм, Думэн Хьэсэн, Къэжэр Валерэ сымэ хуэдэ цIыху щэджащэхэм щIэныгъэмрэ IуэрыIуатэмрэ теухуауэ сэ садэлэжьэну, я чэнджэщ зэхэсхыну си насып къэрихьэкIащи, ар куэд и уасэщ. Иджы сэ Абхъазым сыщопсэури, абыкIи дэIэпыкъуэгъуи ныбжьэгъуи къыщысхуэхъуащ цIыху псэ къабзэ куэд. Абхъаз къэрал университетым и ректор Гварамие Алеко, тхыдэджхэу Гожбэ Руслан, Авидзбэ Аслъэн, бзэщIэныгъэлI Ашубэ Ардэ сымэ я цIэ къисIуэну си гуапэщ.

ФIыщIэ ин яхузощI ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием хэтхэм, абы и тхьэмадэ Къанокъуэ Арсен, хэкум сыкъызэрихьэжрэ си щIыбагъ нэхъыжьыфIу къыдэт ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. ЩIэныгъэ, IуэрыIуатэ, лъэпкъ Iуэхуу сэ злэжьхэм ятеухуауэ япэ дыдэу сэ гъуэгугъэлъагъуэ къысхуэхъуар си адэрщ, си гугъэщ нобэ къысхуащI гулъытэм и псэр щыгуфIыкIыну. А гулъытэр зэрыуасэншэр сэ зыхызощIэ. Къапщтэмэ, сыт хуэдэ IэщIагъэ диIэми, нэхъыщхьэр цIыху пэжу дыщытынырщ. АбыкIэ щапхъэ тхуохъу лъэпкъым ди нэхъыжьхэр. «Лъабжьэр псэумэ, къуэпсыр быдэщ» псалъэхэр мыбдеж щапхъэу къыщыпхьыну къозэгъ. Тхьэм фигъэпсэу! - жиIащ абы.

**ГУГЪУЭТ Заремэ**,

*Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ*.




# Нартыху гъэва

● Шхыныгъуэхэр

Нартыху нэхъ цIынэхэр къыхащыпыкI, ятхъ, щхьэцыр трах. Ахэр зэтелъу шыуаным иралъхьэ, и щIыIум нартыху тхъафэр Iуву тралъхьэ, нартыхур щIимыгъэнапэу псы щIакIэ, и щхьэр трапIэри, хьэзыр хъуху ягъавэ. МафIэм къытрахыж, тхъафэр къытрах, псыр щIагъэжри, нартыхур тепщэчым иралъхьэ. МыупщIыIу щIыкIэ шыгъу фIыуэ щахуэ. Пщтыру яшх.

Нартыху гъэвар зи тхьэмщIыгъу, жьэжьей узхэм я дежкIэ сэбэпышхуэщ, абы кIэтIийхэр егъэкъабзэ. Нартыху щагъавэкIэ шыгъу хэзыдзэ щыIэщ. Ар тэмэмкъым: абы нартыхур вэгъуей ещI, хьэдзэхэр зэрегъалъэ, IэфIи хъуркъым.



*Халъхьэхэр:* нартыху цIынэ г 1500-рэ. тхъауэ - г 1550-рэ, псыуэ -

**КЪУБАТИЙ Борис**.

● ГушыIэхэр

## Уафэри, дыгъэри, вагъуэхэри

ЩIалэм нэIуасэ хуэхъуа хъыджэбзым жреIэ:

- Уэ щхьэкIэ сэ сымыщIэн щыIэкъым: мо уафэри, дыгъэри, вагъуэхэри тыгъэ пхуэсщIынщ.
- Сыт, ахъшэ лъэпкъ уимыIэу ара?

## Баз дызэпигъэхьэ

ЕджапIэ нэхъыщхьэм и бжэIупэм гузавэу Iут лIым и къуэм экзаменыр езыгъэтыну профессорыр щилъагъум бгъэдохьэ:

- Уэлэхьи, уи предметыр си щIалэм апхуэдизкIэ къогугъуэкIри, си фIэщ мыхъу хуэтыну.
- Баз дызэпигъэхьэ сом мин 20-кIэ ар абы зэрыхуэтынумкIэ, - жеIэ профессорым.

## Абы жиIэр пщIэрэ?

Тыкуэнтетымрэ щэхуакIуэмрэ зэфIэнауэ директорыр къыбгъэдохьэ:

- Мыбы щхьэ пхъашэу уепсалъэрэ? - зыхуегъазэ директорым тыкуэнтетым. - ЩэхуакIуэр сытым дежи захуэщ.
- Абы жиIэр пщIэрэ уэ?
- Сыт?
- Тыкуэныр зейри щылажьэу хъуари фыдыгъуакIуэщ, жи.

● ЦIыкIухэм папщIэ

## ПIытIэрэ бжэнымрэ

ПIытIэ бжэныр ирехужьэ,
ПIытIэ бжэныр къеубыд.
Бжэныр ПIытIэ щымышынэ -
Бжэным ПIытIэ къреуд.

Бжэныр ПIытIэ къобгъэрыкIуэ,
ПIытIэ гъыуэ щIолъэдэж.
ПIытIэ пщIантIэм яхуэмыкIуэ -
Къриткъым бжэным гукъыдэж.

## Ди Маринэ

ДиIэщ хъыджэбз гуащэ,
Щыгъщ бостей дахащэ...
И нэ цIыкIухэр пыжьынэщ,
И пэ цIыкIур пэтIинэщ,
Iупэ цIыкIур баринэщ,
Езы цIыкIур Маринэщ...

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Гупсысэр - псалъэкIэ

## Сыту куэд ухуей тхакIуэ Iэзагъэ уиIэн щхьэкIэ!

Урыс усакIуэ цIэрыIуэ Сельвинский Илья и усэхэм ящыщ зым мыпхуэдэу щетх: «Сэ соукIытэ, сэ нэхърэ нэхъыщIэ щылIэкIэ». ЦIыхугъэшхуэ пхэлъын хуейщ апхуэдэу жыпIэн щхьэкIэ.

* * *

Усэм и къалэныр цIыхум и гупсысэхэм, гурыщIэхэм хэсу ар игъэгуфIэныр, игъэгузэвэныр, игъэпIейтеиныр, игъэгубжьыныр е и гур игъэпсэхуныр - кIэщIу жыпIэмэ мамыру, къыхэщтыкIыншэу къимыгъанэу, абы и гурыщIэхэр, гупсысэхэр зэхэзехуэн ищIауэ, дунейм, гъащIэм, цIыхугъэм, нэгъуэщI куэдми и акъылыр, и псэ къарур нигъэсыфыныр аращ.

* * *

Сыту куэд ухуей тхакIуэ Iэзагъэ уиIэн щхьэкIэ! Бзэр фIыуэ пщIэн къудеймкIэ ар зэфIэкIыу щытамэ, тхакIуэ Iэзэхэм я бжыгъэр куэд хъунт: бзэр фIы дыдэу зыщIэр мащIэкъым. Iэзагъэр, талантыр пыщIащ тхакIуэм и гъащIэ псом: и гупсысэхэми, и гурыщIэхэми, къиджами, а къиджар зэрыпкърызэгъами, абы къыхуихьа зыужьыныгъэми, и сабиигъуэр, и щIалэгъуэр зэрекIуэкIами, гъащIэм зыщыхуэза бэIутIэIухэми, и хьэлыр зыхуэдэми, нэгъуэщI куэдми.

* * *

УсакIуэр дунейм зэрытетыр махуэ къэс цIыхухэм къаригъэщIэн хуейщ газетхэм, журналхэм къытехуэ, телевидениекIэ, радиокIэ къат и тхыгъэхэмкIэ. Ар «лIэ» хъунукъым, псэуху.

* * *

Поэзие нэсым и къалэнщ езыр зей лъэпкъым и шыфэлIыфэр псалъэкIэ къигъэлъэгъуэну.

* * *

УтхакIуэмэ, мор стхынщ, мыр стхынщ, жыпIэу ущысурэ, зэманыр умыгъакIуэу, узытетхыкI стIолым нэхъыбэрэ узэрыбгъэдэсыным хущIэкъу. Шхэным ещхьу, тхэнми гукъыдэж къущитыр, сытхарэт, щыжыпIэр лэжьэн щIэбдза нэужьщ. ТхакIуэ IэщIагъэм и щэхухэм фIыуэ щыгъуазэу щыта Олешэ Юрий и къыхуеджэныгъэу щытащ: «Зы махуэ дэвмыгъэкI зы сатыр фымытхыу!» Абы кърегъэкIыр махуэ къэс фытхэ жиIэу аращ.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**.

● Теплъэгъуэ

## Сабиигъуэм и лъэужь

Пщэдджыжь нэхущым сежьащ бгыщхьэм сыдэкIыну. Джабэ лъапэм сыщынэсам, ди хьэ Пэрийри къыскIэлъысат. Си дэлъху Мухьэмэд гузавэрт: «Iэу, зиунагъуэрэ, джабащхьэм уи закъуэу дауэ къызэрыщыпкIухьынур!» - и нэхэм къаIуатэрт и гум илъыр. Сыдыхьэшхащ, къызгурыIуат хужымыIар: усабиижкъым, къокIуркъым, жыхуиIэу арат.

Шыбадзэ нэгъунэ сигу къэкIат. ЛъапэкIэ сызытеувэ удз цIыкIухэм зезгъэзыхыурэ Iэ ядэслъэрт. Хьэуар апхуэдизкIэ къабзэти, щхъуантIэу бгыхэм къытелъу плъагъурт. ЩIымэракIуэ цIыкIухэр нықъуэхъуу къыхэплъхэрт. Удз щхъуэкIэплъыкIэ псоми ебэкIырт гъуэжьхэр. ДыгъэпскIэ зи ныбэ из хъуа удз гъуэжь цIыкIухэм нэкIукIэ сыхэгъуалъхьэрт. Зыми хуэмыдэщ, зэи уи лъым хэмыкIынщ укъыщыхъуа щIыпIэр. Псы хуэлIам хуэдэу, зесшэкI пэтми, зыщызгъэнщIыртэкъым ди джабэм, ди сабиигъуэ IэфIыщэу зэи къэзымыгъэзэжынур, зы напIэдэхьеигъуэкIи къемыплъэкIыжынур щыдгъэкIуа ди щIыпIэ дахащэм. ГъэщIэгъуэну щымт джабащхьэр. Бадзэ лъатэм и макъыр наIуабзэу щызэхыбох, мэшбэв цIыкIухэм щабабзэу къыщажыхь уи лъабжьэм. Пэрий къызбгъурытщ. Абыи къыгурыIуэм хуэдэт си щытыкIэр, зэран къысхуэхъуртэкъым. Зэзэмызэ къыдэплъейуэрэ си нэм къыщIэплъэрт, сэ сыбдэщIыгъущ, умышынэ жыхуиIэт. Зи гъащIэр ди унагъуэм къыхуэпэжу езыхьэкIа Пэрий мыбдежми сыкъихъумэрт.

КъызэхэскIухьащ ди бгыщхьэр, сызытеувэр сфIэбэмащIэу, IэфIу, жьы къабзэр си нэгум къиту, дыгъэпсымкIэ зызгъэпскIыу, бзу цIыкIухэм я уэрэдхэм саIэту, уафэ къащхъуэр нэхубзэу къысщхьэщыту. Гъуни нэзи зимыIэт ди щIыналъэ дахащэр. Си гум жьы дихуащ. Си псэм зигъэпсэхуащ. Пшапэр щызэхэуэм, сыкъежьэжащ сыкъехыжыну. Зызгъазэри, ихъуреягъкIэ хуиту зысплъыхьыжащ. Мы дакъикъэр зэи къызэрытримыгъэзэжынур, мы сэ къэслъыхъуэ сабиигъуэр жыжьэу зэрыIукIуэтар зыхэсщIэу, итIанэми абы и лъэужьым дызэригъэхуабэм сригуфIэу сыкъехыжащ.

Мухьэмэд къыгурыIуат си щытыкIэр. Ар зыкIи къызэупщIакъым.

И лъэпагъым сигъуалъхьэри, IэфIу сыжеящ, адэанэм, адэжь лъахэм я хуабагъэр дэлъху дыщэм и деж щызыхэсщIэу.

**БАГЪ Марьям**.

# Псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **1**. Лы е нартыху цIынэ щагъажьэкIэ зыфIаIу гъущI кIапэ псыгъуэ. **3**. Хьэпщхупщ шынагъуэ. **5**. Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щIыналъэхэм щежэх псы. **10**. Мэл зыхэвэ нэхърэ - ... зыхэпкIэ. **11**. КъэкIыгъэхэм я цIэр адыгэбзэкIэ зэхуэзыхьэсыжу тхылъу къыдэзыгъэкIа щIэныгъэлI, ди къуэш республикэм щыпсэуа ... Барэсбий. **12**. Шыдыгум из ... къишэри, щIалэ цIыкIур мэзым къикIыжащ. **14**. Жьэражьэу хьэкум илъ сахуэ. **15**. Къуалэбзу цIыкIу. **17**. А унэцIэр зэрахьэ: пшынауэ цIэрыIуэм, адыгэ тхакIуэм, уэрэдусым, уэрэджыIакIуэм. **21**. Курыт Азием щыщ къэралхэм я Iэтащхьэм зэреджэу щыта цIэ. **23**. ГуфIэгъуэ Iэнэм къыщапсэлъ псалъэ дыгъэлхэр. **24**. Iэщхэм я тхьэ. **25**. Лы лей зытелъ цIыху. **27**. ЩIакхъуапхъэ. **28**. «Бгы лъапэхэм ... » - КIыщокъуэ Алим и поэмэ. **29**. Мэл кIуэцIфэцIым къыхащIыкI шхыныгъуэ.

*Къехыу:* **1** . ... Iурыгъэлъэда хуэдэ. **2**. Къэнжал хьэку цIыкIу. **4**. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ театрым и джэгуакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист. **6**. Адыгэр къызытекIа пасэрей лъэпкъхэм ящыщ зы. **7**. Сабийм пыIэр жьым щхьэрезымыгъэх кIапсэ цIыкIу. **8**. Дин Iуэхум телажьэ цIыху. **9**. Зи нэхэр кууэ ис. **13**. Псыежэхым и адрей лъэныкъуэм къыщылъ щIы. **16**. Районищым чэзууэрэ я унафэщIу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **18**. Теунэ Хьэчим и къуажэ. **19**. Нартыху щхьэкIэм къыдидз гъэгъа. **20**. МыIэрысэ ... е плъыжьыфэ. **22**. Зи кIуэцIыр нэщI, купщIэ зэрымылъ. **23**. ЩIыпIэ хуабэхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэ. **26**. Зэпэхъурей, зи фэм щыз.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

**Бадзэуэгъуэм и 1-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

*ЕкIуэкIыу:* **1**. Къару. **3**. Пхъэхь. **5**. Щхьэзэ. **8**. Щым. **10**. Хьэх. **11**. Тут. **12**. Уфа. **13**. Хьэсэгъу. **15**. УпщIэ. **16**. Мыщэ.

*Къехыу:* **1**. Къэщкъэтау. **2**. Ущ. **3**. Пэ. **4**. Хьэхэбасэ. **6**. ХьэлIамэ. **7**. Зэрыджэ. **9**. Мест. **10**. Хьэту. **13**. Хьэ. **14**. Гъум.

# Гъуазджэм и къару тIуащIэ

**Темыркъан Юрэ и цIэр зэрихьэу Налшык дэт музыкэ школ №1-м ЕгъэджакIуэмрэ гъэсакIуэмрэ я илъэсым хуэгъэпса концерт иджыблагъэ щекIуэкIащ.**

АР ЯТЕУХУАТ Сафонов Василий и цIэр зэрихьэу пианист ныбжьыщIэхэм я XV дунейпсо зэпеуэ Пятигорск (Псыхуабэ) къалэм щекIуэкIам Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу къыщыхэжанкIа ныбжьыщIэхэу Балий Дианэрэ Мэсей Iэдэмрэ. Мыхэр егугъуу зыгъэхьэзырар музыкэ школым и егъэджакIуэ Iэзэ Щоджэн Мадинэщ.

ИпэкIэ газетым тетами, къытезгъэзэжу жысIэну сыхуейщ, илъэс 30 хъуауэ ирагъэкIуэкI мы зэхьэзэхуэм республикэм щыщу хэтыну зыхуагъэфэщар зытхух фIэкIа зэрымыхъур.

Дианэрэ Iэдэмрэ мыр я япэ ехъулIэныгъэкъым. «Ди гугъапIэхэр» фIэщыгъэм щIэту 2022 гъэм Владикавказ щекIуэкIа XIX щIыналъэ зэпеуэм Iэдэм япэ, Дианэ ещанэ увыпIэхэр къыщахьауэ щытащ. А зэпеуэм ухэтынри тынштэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Осетием я щIэблэм макъамэр фIыуэ ялъагъуу, абы хурагъаджэу къагъэтэдж, егъэджакIуэ бэлыхьхэр яIэщ. Мэсей Iэдэм нэгъабэ зэпеуэ куэдым хэтати, япэ увыпIэ фIэкIа къихьакъым. Абыхэм ящыщщ «Творческие вершины» фIэщыгъэм щIэту Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIа зэпеуэр.

Дианэрэ Iэдэмрэ нэгъабэ зэдагуэшащ Темыркъан Юрэ и саугъэту музыкэ школым щатыр. Ахэр хэтащ Москва дэт консерваторэм и доцентхэу Шибко Андрей, Лидский Михаил сымэ я мастер-классхэм. Камернэ макъамэмкIэ «Камерато» ансамблым и гъусэу утыку къихьащ ныбжьыщIэхэр.

Сафоновым и цIэр зезыхьэ зэпеуэм Дианэ Iэмал щигъуэтащ Саратов дэт къэрал консерваторэм фортепианэмкIэ кафедрэм и профессор Ангрет Лолитэ и мастер-классхэм хэтыну.

Дианэрэ Iэдэмрэ гъэхьэзырынымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ мэхъу Гъуазджэхэмкiэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и профессор Нестеренкэ Ольгэ.



Балий Дианэ



Мэсей Iэдэм

НыбжьыщIитIым зэфIэкI ябгъэдэлъым ерыщу зэрыхагъахъуэр хьэкъщ. Ахэр мы IэщIагъэм къызэрыхыхьэрэ куэд мыщIами, фIыкIэ къыхощ. Ар концертым щIэсахэм ящыщу гъуазджэм и лэжьакIуэхэми цIыху къызэрыгуэкIхэм я дежкIи нэрылъагъут. НыбжьыщIитIым гум зыдигъэпсэуу, макъамэм и нэрынэ къэс зэрызыхащIэр уагъэгъэщIагъуэу композицэ хырых ягъэзэщIащ. Гъуазджэм и къарур зэрыиныр куэдым ящIэ, ауэ а гъуазджэр зи псэр къабзэ ныбжьыщIэхэм зэрызыхащIэр, абыхэм зэрагъэIур щыплъагъукIэ, а къарур тIуащIэ-щащIэу мэбагъуэ. Абы щыхьэт тохъуэ музыкэ школым и унафэщI Поплавская Светланэ концерт нэужьым жиIа псалъэ гуапэхэр.

- Мыхьэнэшхуэ зиIэ зэпеуэм ди ныбжьыщIэхэм икъукIэ дахэу зыкъыщагъэлъэгъуащ, нобэрей концертыр абы иджыри зэ щыхьэт тохъуэ. Си гуапэ дыдэу иджыри зэ сынывохъуэхъу. Сабийхэм ядэлажьэ Щоджэн Мадинэ и IэнатIэм хуэпэжу, пщIэ ин къыхуащIу къытхэтщ, лэжьакIуэшхуэщ. Апхуэдэу зэпеуэ иным зы сабий хуэбгъэхьэзырыныр Iуэху цIыкIукъым, Мадинэ зы мыхъуу, тIу игъэхьэзырыфащ. Щхьэхуэу къыхэзгъэщыпхъэщ абы сабийхэр фIыуэ зэрилъагъур, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ къызэрыхуигъуэтыр. КъыжыIапхъэщ мы ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэм я адэ-анэм я фIыщIэ зэрыхэлъыр. Абыхэм я быным трагъэкIуадэ зэманымрэ хуащI гулъытэмрэ куэд и уасэщ, - жиIащ Светланэ икIи я еджапIэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр ныбжьыщIэхэм, абыхэм я адэ-анэм - фIыщIэ тхылъхэр яритащ.

КъБР-м Щэнхабзэмкiэ и министерствэм и методикэ IуэхущIапIэм и унафэщI Бэрбэч Ислъам абы и псалъэхэм пищащ:

- Мы IуэхущIапIэр ди къэралым и музыкэ школ нэхъыфIхэм ящыщу къалъытэ, абы щыхьэт тохъуэ ныбжьыщIэхэм я ехъулIэныгъэхэр. Лъэпкъым фIыкIэ къыхэщ цIыхум къызыхэкIам и цIэр дахэкIэ егъэIу, а цIыхум и фэ лъэпкъ псом ираплъ. Ар ныбжьыщIэхэм ягу ирагъэлъыну сыхуейт. Мы школым щеджащ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа дирижёр Темыркъан Юрэ. Мы ныбжьыщIэхэми куэдкIэ дащогугъ. Щоджэн Мадинэ Сабий гъуазджэхэмкIэ школхэм я егъэджакIуэ нэхъыфIыр къыщыхах зэпеуэм и хэгъэгу Iыхьэм и лауреат хъури, бжьыхьэм екIуэкIыну федеральнэ зэпеуэм хэтыну ирагъэблэгъащи, къэхъулIэну ди гуапэщ, - жиIащ Ислъам.

Ар я IуэхущIапIэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъкIэ Щоджэным хуэупсэри, сабийхэм фэеплъ саугъэтхэр яритащ.

«Япэ итхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм» и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ ныбжьыщIэхэм. Абы жиIащ мы цIыкIухэр нэхъыбэм къегъэцIыхун, я зэфIэкI дахэхэм щыгъэгъуэзэн хуейуэ къызэрилъытэр икIи езыхэм я зэгухьэныгъэм хузэфIэкI къызэримыгъэнэнур жиIащ.

- Насып инщ мыпхуэдэ щIэблэ лъэпкъым, унагъуэм къыпщIэхъуэныр. Я насып нэхъыбэ хъуну си гуапэщ. Мы цIыкIухэм я цIэр фIыкIэ къыщIраIуэн ехъулIэныгъэ куэд яIэну сахуохъуахъуэ, - жиIащ Шыпшым. Абы ныбжьыщIэхэм яритащ «Япэ итхэр» я урысейпсо зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр.

ЕгъэджакIуэ IэнатIэм илъэс 50-м щIигъукIэ пэрыта Безрокъуэ Маритэ сабийхэм я зэфIэкIыр зэригъэщIэгъуам къинэмыщIауэ, ахэр макъамэм и дунейм хэзышэфа Щоджэн Мадинэ бгъэдэлъ зэчийр къыхэгъэщын зэрыхуейр, цIыхум фIыуэ илъагъу IэнатIэм гурэ-псэкIэ зэрыбгъэдэтым и щапхъэу ар къызэрилъытэр жиIащ. Ар ехъуэхъуащ мы сабийхэр здынэса лъагапIэм нэзышэсыфа егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ.

Музыкэ школым, Гъуазджэхэмкiэ институтым я егъэджакIуэхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ къыщыпсэлъащ абы. Дианэрэ Iэдэмрэ я ехъулIэныгъэм зэрыщыгуфIыкIыр жаIэу, сабийхэми ахэр зи гъэсэнми ехъуэхъуу.

Ди редакцэм къыбгъэдэкIыу ныбжьыщIэ цIыкIуитIми абыхэм я егъэджакIуэми дохъуэхъу, ефIэкIуэну, захуэныбжэу, зэрырагъэжьам хуэдэу, я гъащIэ гъуэгуанэр дахэу, фIыкIэ къыхэщу екIуэкIыну ди гуапэщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# ПщафIэ Iэзэ Куэцэ Инал

**Налшык къалэм и гимназие №14-м щеджэ, илъэс 14 зи ныбжь Куэцэ Инал пщафIэ Iэзэщ. Иджыблагъэ ар ирагъэблэгъащ «Пятница» телеканалым и «Кондитер. Дети» проектым икIи абы и суперфиналым пхыкIащ. Абы къыхуагъэфэщащ мы теленэтыным и саугъэт Фрайди пандэр. Инал игъэхьэзыр IэфIыкIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу куэд щIоупщIэ икIи ягу ирохь.**

КУЭЦЭ зэкъуэшхэу Иналрэ Идаррэ я цIэр зэхэзымыхар мащIэу къыщIэкIынщ. Газетеджэхэм мызэ-мытIэу и гугъу ныфхуэтщIащ нэхъыщIэ Идар. Ар «Голос. Дети», «Детская новая волна-2022» телепроектхэм хэта икIи ехъулIэныгъэхэр къыщызыхьа уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэщ. Нобэ фэдгъэцIыхуну Инал илъэс 11 зэрыхъурэ пщэфIэным дехьэх. Нэхъыбэу абы игъэхьэзырыр IэфIыкIэхэрщ. Езым зэхигъэзэгъа пкъыгъуэхэмкIэ ещI макарон лIэужьыгъуэу 50-м нэблагъэ. КъыжыIапхъэщ, ар бгъэхьэзырыну нэхъ гугъуу дуней псом къызэрыщалъытэр.

«Кондитер. Дети» проектым зей, пщафIэ Iэзэ Агзамов Ренатрэ къэпщытакIуэ гупым хэтхэмрэ щаIущIэм, Инал езым игъэхьэзыра «Фисташка-малина» мусс тортыр яритащ. Налшык икIа ныбжьыщIэм, пщэфIэным теухуауэ иIэ зэфIэкIхэмкIэ къэпщытакIуэхэр къигъэуIэбжьат. КъыжыIапхъэщ, «Пятница» телеканалым и «Вундеркинды» программэми Инал нэхъапэIуэкIэ зэрыхэтар.

- Си анэр къыщалъхуа махуэм згъэгуфIэн мурадкIэ куржы дэлэн хуэзгъэхьэзырат. Абдежщ





• Щапхъэ

псори къыщежьар, - жеIэ Инал. - Япэу згъэхьэзыра шей дефэр - профитролым ещхь, «шу»-кIэ зэджэ франджы IэфIыкIэрщ. Зэ щIыгъуэкIэ ар къызэрызэхэулIар згъэщIэгъуащ, - жеIэ Инал. - Абы къыкIэлъыкIуащ макарон, эклер, тарт, торт, трайф, пирожнэ, круассан, нэгъуэщI IэфIыкIэхэкIхэр. Псом хуэмыдэу зыхэслъхьэ щымыIэу сфIэфIщ франджы шей дефэ макароныр.

Дэзыхьэх сыт хуэдэ Iуэхугъуэми тегушхуэныгъэ хэлъу зыхуэзыгъэсэ щIалэ цIыкIум пщафIэ IэщIагъэм хуеджэну мурад ищIащ. И зэфIэкIхэм хигъэхъуэну, зиужьыну хущIэкъуурэ, курс, мастер-класс куэдым пхыкIащ, Урысеймрэ Европэмрэ я шефкондитер зыбжанэм я деж мыщхьэхыу щеджащ Инал. Абыхэм ящыщщ Кислицын Александр, Никандровэ Верэ, Овандэ Ханс сымэ, нэгъуэщIхэри. Илъэс 14 фIэкIа мыхъуми, Инал пщафIэ Iэзэщ. И унагъуэм исхэр, и егъэджакIуэхэр къыщалъхуа махуэхэм, махуэшхуэхэм ирихьэлIэу саугъэтхэмкIэ егъэгуфIэ. КъинэмыщIауэ, псапэ зыпылъ Iуэхухэми хэтщ. Сабийхэр хъумэным я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу, Инал сабий хуэмыщIахэм ядоIэпыкъу.

ЕхъулIэныгъэ къызыпэкIуэм теухуауэ абы жеIэ:

- Зыгуэрым зыхуэбгъэсэн паппщIэ, еш умыщIэу ухущIэкъун хуейщ. НэхъыщхьэрщI, уи зэманым ущымысхьу а Iуэхум гукIи псэкIи упэрытыпхъэщ. ЗгъэхьэзырIэфIыкIэ псори си рецептщ. Хьэзыру зыгуэр къэсщтэми, Iэмал имыIэу солэжьыжри, сысей гуэр абы щIызогъуж. Фошыгъум къишэ зэраныгъэм сыщыгъуазэщи, зэпымыуу ар си IэфIыкIэхэм нэхъ мащIэу зэрыхэслъхьэным и ужь ситщ. Апхуэдэу IэфIыкIэхэр зэрыслъхьэр тхылъымпIэ коробкэхэрщ, щIыуэпсым и къабзагъэм пластикыр зэран зэрыхуэхъум къыхэкIыу.

ПщэфIэным, уэрэд жыIэным дахьэх зэкъуэшхэм спортми зэман къыхуагъуэт. Иналрэ Идаррэ а псоми тезыгъэгушхуэр аращ.

- Дэтхэнэ зы адэ-анэми хуэдэу, щIалэ цIыкIухэр зы Iуэхугъуэ гуэрым дихьэхыу щытлъагъукIэ, зэрытхуэзэфIэкIкIэ дадоIэпыкъу. ФIыуэ ялъагъу, дэрэжэгъуэ къезыт IэщIагъэр къыхахмэ зэрызаузэщIынур къыдгуроIуэри сыткIи защIыдогъакъуэ, - жеIэ зэкъуэшхэм я анэ Батыр Мадинэ. - Лэжьыгъэмрэсабиищымрэзэдэпхьыну мытыншми, зэкъуэшхэм я ехъулIэныгъэхэр, езы цIыкIухэри абыхэм зэрыщыгуфIыкIыр щыслъагъукIэ, къаруущIэ къысхэлъхьэ.

Сочэ къалэм хьэрычэтыщIэхэм папщIэ къыщызэрагъэпэща урысейпсо зэхуэсым ирагъэблэгъащ Инал. ХьэщIэу здэкIуа а Iуэхум балигъыпIэ имыуэу хэтар езым и закъуэщ. Инал хьэрычэтыщIэ, ресторатор зыбжанэ зригъэцIыхуащ. Абы щIалэщIэр хуигъэушащ, зэман дэкIмэ, ресторан хьэрычэт Iуэхум иужь ихьэу дуней псом щыцIэрыIуэ ресторатор хъуну.

Инал и зэфIэкIхэм дрогушхуэ, и ехъулIэныгъэхэм хигъэхъуэну, и хъуэпсапIэхэм лъэIэсыну ди гуапэщ!

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.576 • Заказыр №1465

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А